**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı**

**Baslawısh tálim fakulteti**

**5111700 – Baslawısh tálim hám sport tárbiyalıq is qánigeligi**
**4-kurs studenti**
**Saparbaeva Shaxnoza Idrisovnanıń**

# PITKERIW QÁNIGELIK JUMÍSÍ

**Tema: Oqıwshılardıń huqıqıy tárbiyalanǵanlıq dárejesin anıqlawdı pedagogikalıq diagnostikalaw**

**Kafedra baslıǵı:** **p.i.k., doc. Z.Kurbaniyazova**

**Ilimiy basshı:** **p.i.k., doc. Q.Seytmuratov**

**Nókis- 2021 jıl**

**Oqıwshılardıń huqıqıy tárbiyalanǵanlıq dárejesin anıqlawdı pedagogikalıq diagnostikalaw**

**KIRISIW…………………………………………………….....................3**

**1. BAP. Oqıwshılarǵa huqıqıy tárbiya beriwdiń pedagogikalıq tiykarları………………………………………………………………….10**

1.1. Huqıqıy tárbiyanıń maqset hám wazıypaları......………………………10

1.2.Oqıwshılardı huqıqıy tárbiyalaw……………….............................20

1.3.I.Karimov miynetlernde oqıwshılardı huqıqıy tárbiyalaw máseleleri…………………………………………………….................36

**2. BAP. Oqıwshılarǵa huqıqıy tárbiya beriwde mektep, shańaraq hám jámáátshiliktiń birge islesiwi…………………………………………………40**

2.1. Oqıwshılarǵa huqıqıy tárbiya beriwde mámleket, jámiyet hám shaxs qatnasıqları...………........……………………………………......................40

2.2. "Mámleket hám huqıq tiykarları" pánin oqıtıwda interaktiv usıllardan paydalanıw…………..………………………………………………......44

2.3. " Mámleket hám huqıq tiykarları" páni temaların texnologiyalastrıwda interaktiv usıllardan paydalanıw ólshemleri...............…......................................53

Tájiriybe– sınıw jumısları….……………………………………………58

Ulıwma juwmaq..…………………………………………………………65

Usınıs…………………………..………………………………………….67

Paydalanılgan ádebiyatlar dizimi....……………………………………......68

# KIRISIW

2020 jıl 23 sentyabrde Ózbekstan Respublikasınıń bilimlendiriw haqqındağı jańa nızamınıń qabıllanıwı, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń “2017-2021 jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes tiykarğı jónelisleri boyınsha Háreketler strategiyasın “Jaslardı qollap-quwatlaw hám xalıqtıń salamatlığın qorǵaw jılı”nda ámelge asırılıwı tiyis jumıslar boyınsha mámleketlik bağdarlama haqqında”ğı 2021 jıl 3 fevraldağı PF-6155 sanlı, “Ulıwma orta, orta-arnawlı hám kásip-óner bilimlendiriwin túpten jetilistiriw ilájları haqqında”ğı 2018 jıl 25 yanvar kúngi PF-5313 sanlı, Ózbekstan Respublikasında xalıq bilimlendiriw sistemasın 2030 jılğa shekem rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw haqqında”ğı 2019 jıl 29 apreldegi PF-5712 sanlı Pármanlarınıń, sonday aq húkimetlik qarar hám biyliklerdiń qabıllanıwı jaslar arasında huqıqıy tárbiyanı jetilistiriwde úlken áhmiyetke iye bolmaqta.

Respublikamızda ámelge asırılıp atırǵan jámiyetlik-ekonomikalıq reformalardıń barlığı insan hám onıń mápleri ushın bağdarlanǵanlığı tek qabıl qılınıp atırǵan nızam hújjetleri ǵana emes, bálki ámelge asırılıp atırǵan barlıq reformalardıń negizgi maqseti ekenligi bárshemizge belgili.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Pármanı tiykarında 2017 - 2021 jıllarda Ózbekstan Respublikasım rawajlandırıwdıń bes baslı bağdarları boyınsha Háreketler strategiyasın «Jaslardı qollap-quwatlaw hám xalıqtıń salamatlığın bekkemlew jılı»nda ámelge asırıwǵa baylanıslı mámleketlik bağdarlamasın ámelge asırıw bolıp tabıladı.

Búgingi kúnde erjetpegenler huqıqbuzarlıqlarınıń jańadan - jańa kórinislerin hám de olardı keltirip shıǵarıwshı sebep hám sharayatlardı júzege kelip atırǵanlığı hám bul bağdardağı birge islesiw bárshe orınlarda da tuwrı jolǵa qoyılmaǵanlığı:

– erjetpegenlerdiń huqıqbuzarlıqların aldın alıw subyektleriniń shańaraq hám oqıw orınları menen birgelikte islesiwin táminlewshi hám de shólkemlestiriwshilik tiykarların belgilewshi metodikalıq qollanbalardıń jeterli dárejede emesligi;

– erjetpegenlerdiń huqıqbuzarlıqların jekke tártiptegi profilaktikasın shólkemlestiriw boyınsha huqıqtı qorǵaw organları ortasındaǵı ózara hám de olardıń shańaraq hám oqıw orınları menen birgelikte islesiwin shólkemlestiriw tarawında mashqalalardıń bar ekenligi hám sheshilmegenligi;

– jınayat islegen yaki buǵan meyil bolǵan erjetpegenler, perzentiniń tárbiyasına unamsız tásir etip atırǵan ata-analar, olardıń ornın basıwshı shaxslar ústinen nátiyjeli sociallıq-huqıqıy qadaǵanalwdı jolǵa qoyıw hám úzliksiz jetilistirip barıw maqsetinde, usı hádiyseler hám olar menen baylanıslı processlerdiń kelesidegi kórinisleri hám de baǵdarların boljaw zárúrligi hám taǵı basqalar.

Ótkerilgen izertlewlerdiń kópshiligi erjetpegen jınayatshılar shaxstıń qáliplesiwi jolındaǵı birinshi basqısh shaxs tárbiyasınıń awırlıǵı esaplanıwın kórsetedi.

Házirgi waqıtta erjetpegenlerdiń jınayatshılıǵı haqqında salmaqlı statistikalıq material toplanǵan, onı talqılaw metodikası tiykarınan islep shıǵılǵan. Bulardıń bárshesi erjetpegenler jınayatshılıǵınıń halatın, onıń muǵdar hám sıpat (quramı hám basqa) ózgerislerdi anıq bahalaw imkanın beredi.

Juwmaqlap aytqanda, ulıwma orta bilm beriw mekteplerinde oqıwshılardıń huqıqıy tárbiyası arqalı sociallıq ádalat haqqındaǵı túsiniklerdi qáliplestiriw úlken áhmiyetke iye bolıp, bunda pedagogikanıń túrli tárbiyalıq metodları hám mánawiyattıń dóretiwsheńlik sıpatlarınan keń paydalanıw lazım boladı.

Respublikamız óz ǵárezsizligin qolǵa kirgizgennen keyin barlıq tarawda bolǵanı sıyaqlı ilim hánm aǵartıwshılıq tarawı boyınsha da bit qatar nızam hám qararlar qabıl qılındı.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń Kirisiwinde xalqımızdıń tiykarǵı maqsetlerinen biri insanparwarlıq, demokratiyaklıq, huqıqıy mámleket payda etiw dep kórsetilgen.

Ǵárezsiz mámleket fundamentin jaratıwshılar huqıqıy jaqtan bilimli, tárbiyalı, sanalı bolıwı kerek. Nızam-qaǵıydalardı biletuǵınn, olarǵa ámel qılatuǵın, jámiyetlik jumıslardı orınlawda mádeniy dárejesi joqarı bolgan

shaxslardı qáliplestiriw, yaǵnıy olardı huqıqıy tárbiyalaw jámiyetimizdiń tiykarǵı maqsetlerden biri bolıp esaplanadı.

Ózbekstan ǵárezsiz mámleket sıpatında qálipleskennen keyin, birinshi náwbette jaslar máselesin mámleketlik siyasat dárejesine kóterip, olardıń qorǵawın huqıqıy jaqtan bekkemlew jumısların ámelge asırıp kelmekte. Buǵan mısal etip, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2000-jıl 21-sentiyabr 360-sanlı «Erjetpegenlerdiń jumısları boyınsha komissiyalar xızmetin jetilistiriw haqqında"ǵı qararı, usı qarar erjetpegenlerdiń tálim-tábiyasına juwapker ministrlikler hám mákemelerdiń xızmetin muwapıqlastırıw hám de bul baǵdardaǵı mashqalalardı saplastırıw boyınsha úlken jumıslardıń ámelge asırılıwına tiykar sıpatında júdá úlken áhmiyetke iye.

**Temanıń aktuallıǵı hám zárúrligi:**

Huqıqbuzarlıqqa meyil erjetpegenler menen islesiwde ishki isler shólkemleri, kem táminlengen shańaraqlardıń perzentleri hám tiyanaqsız shańaraqlar menen islesiwde máhálle belsendileri, balalardıń ózin-ózi basqarıw dúzilmelerin rawajlandırıwda jaslar awqamı, oqıwshılardıń huqıqıy tálim-tábrbiyası tarawında huqıq úgit-násiyat orınları, salamatlastırıw máselesinde den-sawlıqtı saqlaw orınları menen birgelikte islesiw isleri muwapıqlastırılǵan halda alıp barılmaqta.

Jınayatshılıqtıń aldın alıw ushın xalıqtıń jámiyetlik oylawı hám huqıqıy dárejesi joqarı bolıwı áhmiyetli orın tutadı. Bunıń ushın orınlarda jámáátshiliktiń belsendiligin asırıw, úgit-násiyatlaw islerin kúsheytiw áhmiyetli orın tutadı. Hár bir sanalı adam bul iske óz úlesin qospasa, alıp barılıp atırǵan háreketler óz nátiyjesin bermeydi.

Erjetpegenlerdiń arasında nızambuzıwshılıqtıń aldın alıwda tálim orınlarında jaslardıń huqıqıy bilimin asırıw hám olardıń arasında nızamlar násiyatlawın kúsheytiw lazım. Sebebi, huqıqıy tárbiya olardıń sanalı, sezim-tuyǵıları hám minez-qulwına tásir kórsetiw demek. Sonıń ushın da keyingi jıllarda milliy ideologiyamızdıń ajıralmas quram bólegi bolǵan xalıqtıń huqıqıy mádeniyatın asırıwǵa qatań itibar berilmekte.

Ózbekstanda balalardıń huqıq hám máplerin qorǵaw, olardıń tálim, densawlıǵın saqlaw hám sociallıq táminleniwine baylanıslı huqıqlardı júzege shıǵarıw huqıqıy dásteklerdiń nátiyjeliligin asırıw, bul ortalıqta huqıqbuzarlıqlardıń aldın alıw baǵdarında itibarǵa ılayıq isler ámelge asırılıp atıerǵanın xalıqaralıq shólkemler tárepinen de moyınlanbaqta.

Sonıń ishinde, YuNISEF tárepinen 410 millionnan zıyat xalıq paydalanatuǵın Oraylıq hám Batıs Evropa, Ǵárezsiz Mámleketler Doslıq Awqamı hám Baltılk boyınıń jámi 27 mámleketiniń rawajlanıwın óz qamtıwına alǵan huqıqıy monitoring hújjetlerinde insannıń rawajlanıwınıń tańlap alınǵan 20 kórsetkishinen 9 ı Ózbekstanda sezilerli unamlı ózgerisler baqlanıp atırǵanlıǵı belgilen kórsetilgen.

Usı hújjette mámleketimizdıń turaqlı rawajlanıwı balalar hám analardıń ólimi, óspirimlerdiń arasında tuwıw halatları, analar ómiriniń uzayıwı, nekeniń biykar bolıwı, óspirimler arasında jınayatshılıq, sociallıq qorǵanıw hám bántlik máselelerinde unamlı jıljıwlar anıq kórinip atırǵanlıǵı bayan qılınǵan.

Ózbekstan jáhánnıń rawajlanǵan mámleketleri qatarınan orın alıwı ushın birinshi náwbette puqaralardıń, sol qatarda jaslardıń huqıqıy mádeiyatın asırıw hám olar arasında nızamlardı úgiy-násiyatlawdı kúsheytiw lazım. Demek, hár bir adamnıń huqıqıy mádeniyatlı bolıwı jámiyet hám pártawan turmısımızdıń tágdiri menen baylanıslı másele. Bul bolsa orınlarda jaslardıń huqıqıy mádeniyatın qáliplestiriw hám jetilistiriwdi talap etedi.

**Izertlew temasınıń úyrenilgenligi:** Ózbekstan kóleminde huquqiy tárbiyanıń quram bólimlerinen esaplanǵan puqaralıq tálimdi shólkemlestiriw jolları, olardıń teoriyalıq hám ámeliy tárepleri G.Yu.Ashurova, A.A.Kuzina, L.U.Jdanova, A.V.Faxrutdinov, A.R.Abatov, O.Karimova, T.K.Qudaybergenova, U.Tadjixanov, A.Saydov, M.H.Usmanbaeva, A.A.Xamraev, E.M.Tileuovlardıń jumıslarında hár tárepleme izertlengen. ǴMDA mámleketleri alımları A.G.Bermus, N.L.Goncharova, L.M.Eliseeva, I.A.Zimnyaya, A.V.Mazurenko, V.L.Marishuk, A.P.Semitko, L.I.Shevchenko, E.G.Shixanova, A.V.Xutorskiyler huqıq tálimin shólkemlestiriw máselelerin ilimiy tiykarda úyrengen. Rawajlanǵan sırt el

ilimpazlarınan Djeyms L.Gibson, Devid Nelken, Ksaba Varga, Rodjer Kottorelli, Ral'f Kristian Maykls, Torben Spaak h.t.b. shaxsta huqıqıy mádeniyat hám kompotentliklerdi rawajlandırıw máselelerin sırt el tájiriybeleri kóz qarasınan úyrengen.

**Pitkeriw qánigelik jumısınıń áhmiyeti:** Pedagog alımlardıń izertlewlerinde dálillengenindey, huqıqıy tárbiyaǵa baylanıslı jumıslar tómendegi jaǵdaylarda orınlansa, onıń nátiyjeliligi jáne de asadı:

1. Oqıw orınları óziniń tásirleri jıynaǵın kóbirek huqıqıy tárbiya procesine izbe-izlikte baǵdarlasa;

2. Oqıtıwshılar jámááti shańaraq penen ózara birge islesiwi dáwirinde ózleriniń ádep-ikramlılıq tárbiyalıq talapların tuwrı shólkemlestire alsa;

3. Xalıq bilimlendiriw bólimi hám oqıw orınlarınıń ata-analardı tárbiyalıq processlerge belsene qatnastıra alsa;

4. Oqıtıwshılar oqıwshılarǵa huqıqıy tárbiya beriw jumısların shańaraqtan baslasa hám bul jumıs olardıń barlıq oqıw jıllarında dawam ettirilse;

Házirgi kúnde Respublikamizdıń qala hám awıllarında huqıqıy tárbiyaǵa baylanıslı bilimlerdi úgit-násiyatlawda tómendegi formalardan paydalanıw maqsetke muwapıq keledi:

-xalıq ushın ashılǵan tárbiya mádeniyatın násiyatlawshı xalıq universitetlerinen;

-xalıq bilimlendiriwi tárepinen jaslı, baqsha hám basqa oqıw orınlarında bolǵan ata-analar lektoriyları;

-joqarı oqıw orınları qasında ashılǵan jámáátshilik tiykarda islewshi ata-analar kursları;

- tárbiyalıq huqıqıy bilimler mektepleri;

- mektep jasındaǵı balalardı ata-anaları ushın huqıqıy tárbiya másláhátxanalarınan hám basqalardan.

**Izertlewdiń maqseti**: - oqıwshılardıń huqıqıy tárbiyasın nátiyjeli asırıwda járdem beretuǵın huquqstanıwshılardıń pedagogikalıq bilim beriw mazmunı forma hám usılları, metodikasın anıqlaw.

**Izertlewdiń wazıypaları: -**

- Oqıwshılar hám olardıń ata-analarında huqıqıy tárbiyalanǵanlıǵı dárejesiniń jaǵdayınıń analizlew;
- Oqıwshılardıń huqıqıy bilimleriniń kólemin anıqlaw hám ilimiy tiykarlaw;
- Oqıwshılardıń huqıqıy tárbiyalanǵanlıq dárejesin asırıwdıń nátiyjeli forma, usılların engiziw, anıqlaw;
- Ámelge asırılǵan izertlew jumısları, aldıńǵı pedagogikalıq tájiriybelerdi úyreniw náiyjesinde juwmaq, usınıs hám kórsetpeler tayarlaw.

**Izertlewdiń obyekti**: - Oqıwshılardı huqıqıy tárbiyalanıwshılıq dárejesin pedagogikalıq diagnozlaw procesi.

**Izertlew predmeti:** - Oqıwshılardı huqıqıy tárbiyalanıwshılıq dárejesin pedagogikalıq diagnozlawdıń mazmunı, forması, metodları hám quralları.

**Izertlew metodları:** Sorawnamalar, ádebiyatlardı úyreniw, gúrriń intervyu, baqlaw, pedagog hám ata-analardıń awızeki hám jazba pikirlerin salıstırmalı talqılap úyreniw, pedagogikalıq analiz, matematikalıq-statistikalıq usıllar;

**Izertlewdiń ilimiy boljawı**: -

- Oqıwshılarǵa huqıqıy tárbiya hám ol haqqında túsinik beriw oqıw orınları hám mákemeleri hám jámáátshiliktiń tiykarǵı wazıypasına aylansa;
- Mekteplerde ámelde "Mámleket hám huqıq tiykarları" hám "Tariyx" pánleri bilimlerine, huqıqıy bilimler dereklerine tayansa;
- Ata-analar hám shńsraqtaǵı úlken jaslardıń huqıqıy tárbiyalanıwshılıq dárejelerin turaqlı túrde asırıp barsa perzentlerdiń tárbiyası menen nátiyjeli shuǵıllana aladı.

**Pitkeriw qánigelik jumısınıń metodologiyalıq tiykarları:**

- Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyası, "Bilimlendiriw haqqında"ǵı Nızamı, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń párman hám Qararları, Ministrler Kabineti qararlarında bayan etilgen jas áwladtı tárbiyalaw, huqıqıy tárbiya nátiyjeliligin asırıwǵa baylanıslı pikirler, Bala huqıqlari haqqındaǵı Konvenciyası, Jınayat kodeksi, Erjetpegenlerdiń huqıqları, májbúriyatları hám juwapkershiligi haqqındaǵı qollanbalar.

**Pitkeriw qánigelik jumısınıń teoriyalıq áhmiyeti:** - sonnan ibarat, izertlew jumısında oqıwshılarǵa huqıqıy bilimler beriwdiń ózine tán ózgeshelikleri; mazmunı, ámelge asırıw formaları hám usılları teoriyalıq jaqtan tiykarlap berildi.

**Pitkeriw qánigelik jumısınıń ámeliy áhmiyeti** – oqıwshılardıń huqıqıy tárbiyalanǵanlıq dárejesin asırıw, huqıqıy mádeniyatın jetilistiriw, bul baǵdarda oqıwshılarǵa huqıqıy bilim beriw nátiyjeliligin asırıιw hám sistemasın tiykarlap beriw boyınsha usınıs hám juwmaqlar islep shıǵıwdan ibarat.

**Qorǵawǵa alıp shıǵılatuǵın tiykarǵı jaǵdaylar**

1. Oqıwshılardıń huqıqıy tárbiyasında mektep, kásiplik kolledjleri jámáátshilik penen birge shańaraq ta úlken rol oynaydı.

2. Oqıwshılarǵa huqıqıy tálim beriw – mektep, kásiplik kolledjleri hám jámáátshiliktiń tiykarǵı wazıypası.

3. Oqıwshılardıń huqıqıy mádeniyatı dárejesi olardıń Huqıqtanıw hám Tariyx pánleri boyınsha maǵlıwmatlarına, huqıqıy tárbiyanıń usılların biliwi hám olardı ámelde qollana biliwine tikkeley baylanıslı bolıp tabıladı.

**Pitkeriw qánigelik jumısınıń dúzilisi:** Pitkeriw qániygelik jumısı kirisiw, eki bap, altı tema, tájiriybe-sınaw jumısları, usınıs hám paydalanılǵan ádebiyatlar diziminen ibarat.

## 1. BAP. Oqıwshılarǵa huqıqıy tárbiya beriwdiń pedagogikalıq tiykarları

### 1.1. Huqıqıy tárbiyanıń maqset hám wazıypaları

Huqıqıy tárbiya tariyxınan: Oraylıq Aziya xalıqları kóp mıń jıllıq bay huqıq hám huqıqıy mádeniyat tariyxına iye. Payǵambar alayhissalam qaytıs bolǵannan keyin islam áleminde jańa nızam hám qaǵıydalardıń payda bolıwı procesi toqtaǵan bolıp esaplanadı. Áne sol dáwirden baslap barlıq huqıqıy mashqalalar Quranı Kárimde hám Payǵambar alayhissalam súnnetlerinde (Sunnati nabaviyya-Muhammad alayhissalamnıń aytqan gápleri hám qılǵan isleri) kórsetip berilgen nızam hám qaǵıydalar tiykarında sheshilip, huqıqıy tárbiya berilip kelindi. Islam huqıqtanıwshısı tiykarınan Quranı Kárim hám Sunnati nabaviyya tiykarında qáliplesti hám súnnettiń negizin shólkemlestiriwshi hádislerdi (Hádis-payǵambar alayhissalamnıń turmıs tájiriybeleri hám aytqan uásiyatları haqqındaǵı ráwiyatlar) jámlep, keleshek áwladtı huqıqıy tárbiyalaw zárúrligi júzege keldi.

Dáslepki urınıwlardıń nátiyjesinde Zayd ibn al-Hasannıń "Majma ul-fikx", Malik ibn Anastıń "al-Muvatga" hám Ahmad ibn Xanbanıń "al-Musnad" atlı hádisler toplamları júzege keldi. Lekin usı hádislerdiń avtorları bar hádislerdi saralap toplawdı ózlerine wazıypa qılıp qoymastan, belgili bir huqıqıy tárbiyaǵa juwap beriwge tiykar bolatuǵın zárúr hádislerdi toplaw menen sheklengen. Keyin ala bul xızmet hádis ilimi menen shuǵıllanıwshı alımlar tárepinen dawam ettirildi. Olardan pútkil Islam áleminde moyınlanatuǵın "Altı isenimli toplam" ("as-sahih as-sitta") dep júritiletuǵın toplamlar ayrıqsha orın tutadı. Bular imom al-Buxoriy hám imom Muslimlardıń "As-sahih" (Isenimli toplam) an Nasaiy, Abu Dovud, at-Termiziy va Ibn Moxjalardıń "As-Sunnan" atlı hádisler toplamları.

Ullı islam alımı, fikx Burxonuddin al-Marǵinoniy (Marǵinon-orta ásirlerde arablar Marǵilan qalasın usılay ataǵan). Quranı Kárim hám hádis ilimin jetik iyelep, fikx-islam huqıqtanıw baǵdarında sheksiz tereń ilimge iye bolǵan hám huqıqıy tárbiya tarawında biybaha durdanalar jaratqan.

Ol zat tálimdi Marǵilanda alıp, keyin ala Maweraunnaxrdıń sol waqıttaǵı aǵartıwshılıq orayı bolǵan Samarqandqa kóship barıp, pútkil islam áleminde belgili "Al-Hidaya" miynetin 573 -jılı (1170-jıl milodiy) jazǵan.

Bul miynet Evropa xalıqlarınıń tillerinde awdarmalanıp, úlken qızıǵıwshılıq penen úyrenilgenliginen onıń kóplegen mámleketlerde huqıq iliminıń rawajlanıwına sezilerli tásir kórsetkenligine gúman joq. Sonıń ishinde, "Al-Hidaya"nıń ingliz tilinen Vishnegorskiy awdarıp, N.M.Grodakov redaktorlawı astında 1893-jılı Tashkentte rus tilinde basıp shıǵarılıwı pikirimizdiń dálili. "Al-Hidaya" bir neshe ásirler dawamında kóp musılman mámleketlerinde, sonıń ishinde, Oraylıq Aziyada huqıqıy tárbiyaǵa baylanıslı eń iri tiykarlı dereklerden bolıp keldi.

1917-jılǵı awdarıspaqtan keyin de, tap 1930-jıllarǵa shekem sháriyat nızam-qaǵıydaları biykar etilip, burıngı awqam huqıq sistemasın engizgenge shekem ol ámelde boldı.

Islam huqıqtanıshılıǵı tiykarında is júritiletuǵın musılman mámleketlerinde huqıqıy tárbiya tarawında bul ásirden keń paydalanıladı. Huqıqıy tárbiyanı ámelge asırıwda, huqıqıy mádeniyatımız tariyxın úyreniwde mámleketimiz aymaǵında tolıq mánide ámel qılıp kelingen jámiyetlik qaǵıydalar, úrf-ádetler, olardıń mánisi hám formaların orınlawdı táminlew úlken áhmiyetke iye dáwirler dawamında hárekette bolǵan "Avesto", sogd hújjetleri musılman huqıqınıń derekleri, Shıńǵısxan júrisleri, XII ásirde jazılǵan "Al-Hidaya", XIV-XV ásirlerge tiyisli fatwalar jıynaǵı, Temur tuzikleri, XV-XVI ásirlerdegi Samarqand hújjetleri, XVI-ásirge baylanıslı ádep-qaǵıydalar toplamı, Temur hám temuriyler, Shaybaniyxan hám de basqa xanlar hám ámirler táerepinen shıǵarılǵan pármanlar, ádet huqıqı ólshemleri, Buxara ámiri, Xiywa hám Qoqan xanlıqlarınıń hújjetlerin talqılaw huqıqıy tárbiyanı ámelge asırıwda, milliy maqtanıshtı kámal taptırıwǵa xızmet qıladı.

Patsha Rossiyası tárepinen Orta Aziyanı basıp alıwdan oktyabr revolyuciyasına shekemgi baǵınıshlılıq zulımın ótkeriwde jaqsı is bergen hújjetler 1865-jılǵı "Túrkistan wálayatın basqarıw haqqındaǵı anıq Nızam",

1867-jılǵıi "Jeti suw hám Sırdárya wálayatlarındaǵı basqarıw haqqındaǵı Nızam", 1886-jılǵı "Túrkistan úlkesin basqarıw haqqındaǵı Nızam", Patsha Rossiyası menen Buxara ámirligi hám Xiywa xanlıǵı ortasındaǵı dúzilgen shártnamalar, Túrkistan general - gubernatorı tárepinen tastıyıqlanıp, xanlıq hám ámirlik aymaǵındaǵı rus puqaralarınıń huqıqların, múlklerin, shaxstı qorǵaw haqqındaǵı huqıqıy tárbiyaǵa baylanıslı hújjetlerdi úyreniw oqıwshılarda úlken qızıǵıwshılıq oyatadı.

Ózbekstan-ǵárezsiz, demokratiyalıq, huqıqıy mámleket. Bul insanparwarlıq qaǵıydalarına tiykarlanǵan, milleti, dini, jámiyetlik awhalı, siyasiy isenimlerine qaramastan puqaralardıń huqıqları hám erkinliklerin táminlep beretuǵın mámleket. Nızamlılıq hám huqıq-násiyatlaw saltanat qılmasa shaxstıń huqıqları hám erkinliklerin ámelge asırıp bolmaydı. Sol sebepten 1992 jıl 8 dekabrde Ózbekstan Respublikası Oliy Kengashiniń 11 sessiyasında Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń qabıl etiliwi mámleketimizdiń siyasiy ómirinde úlken waqıya boldı.

Keyinshelik usı Konstituciya talaplarına tiykarlanıp, Ózbekstan Respublikasınıń Puqaralıq kodeksi, Miynet kodeksi, Shańaraq kodeksi, Jınayat kodeksi, Administrativlik juwapkershilik kodeksi, Ekonomikalıq kodeks h.t.b. qabıllandı. Sonıń menen birge hár bir kodeks talapların is júzinde ámelge asırıw mexanizmlerin belgilew boyınsha sud-processual kodeksleride qabıl etildi.

Bul qabıl etilgen huqıqıy hújjetler huqıqıy tárbiyada tiykarǵı dástúr bolıp xızmet qıladı. Bunda erjetpegenlerdiń juwapkershiligi haqqındaǵı statyalardı úyreniwdi ańsatlastıradı. Pedagoglardı usı bólimnen paydalanıw imkaniyatların júzege keltiredi. Jaza túrleri de qayta-qayta talqıanıwı nátiyjesinde oqıwshılardıń sanasına jetik sińip baradı.

Ózbekstan Respublikasınıń ǵárezsiz bolıwı múnásibeti menen mekteplerdegi tálim-tárbiya isleri tınımsız rawajlanıp, jetilisip kiyatır. Mámleketimizde júdú úlken jámiyetlik ekonomikalıq ózgerisler júz bergenligi, jańa jámiyet dúzilgenligi nátiyjesinde nızamshılıq hám huqıq násiyatlawdı jáne

de bekkemlew, puqaralardıń huqıq násiyatlawdı jáne de bekkemlew, puqaralardıń huqıqları hám nızamlı máplerin qorǵawın kúsheytiw júdá úlken áhmiyetli orın iyelemekte.

Respublikadaǵı salamat jaǵday, xalıqtıń materiallıq parawanlıǵı hám mádeniy dárejesiniń ósip baratırǵanlıǵı miynetkeshlerdiń sanalılıq hám intizamlılıq dárejesi joqarılaǵanlıǵı sebepli huqıqbuzarlıq jaǵdayları júdá kemeyip barmaqta. Insanlar sanasına jámiyet mápleri jolında hadal miynet qılıw, pák kewil, haqgóy bolıwı, ádalatsızlıqqa, teginxorlıqqa, dámegótshilikke qarsı gúresiwi, nızam ólshemlerine húrmet názeri menen qaraw sıyaqlı qásiyetler kóbirek sińip barmaqta.

Áyne payıtta Respublikada administrativlik juwapkershilikke sebep bolıp atırǵan huqıqbuzarlıq halatları anda-sanda bolsa da, dawam etpekte hám olar joq bolǵan emes. Bunday jaǵdaylarǵa pútkilley joq etiw ushı nızam kúshinen, huqıqıy tárbiyanıń tásir kórsetiw qurallarınan, keń jámáátshilik járdeminen jeterlishe paydalanılıp atırǵan joq. Huqıq úgit-násiyatınıń hár qanday buzılıwın ulıwma joq qılıw, nızamshılıqtı buzıw jaǵdaylarına biypárwa bolmaslıq ulıwmaxalıqlıq isi bolıp, olar jaslarǵa huqıqıy tárbiya beriw arqalı ámelge asırıladı. Huqıqıy tárbiyanı bolsa balanıń jaslıq shaǵınan baslaw lazım.

Sebebi jaslar biziń keleshegimiz, mámleketimizdiń tez kúnlerdegi haqıyqıy puqaraları bolıp tabıladı Keleshek áwladtıń huqıqıy; ruwxıy káma1 tabıwı húkimettiń turaqlı ǵamxorlıq qılıwı da sol sebepli.

Oqıwshılarǵa joqarı puqaralıq hám ruwxıy sıpatlardı sińdiriwdey oǵada zárúr máseleni tuwrı hám nátiyjeli sheshiwde tárbiyanıń barlıq faktor hám qurallarınan, pedagogikalıq istiń barshe usıllarınan, aqıl menen, maqsetke muwapıq paydalanıwh, hesh gúmansız, óziniń jemisli nátiyjelerin beredi.

Hár bir pedagog tálim menen tárbiya birligine, tálim berip tárbiyalaw hám tárbiyalap tálim beriwge qatań itibar beriwi lazım.

Tiykarınan, oqıwshı hám jaslarǵa huqıqıy tárbiya beriwde, olarda joqarı puqaralıq sezim-tuyǵılardı, sıpat hám qásiyetlerden quralıwda tálim hám tárbiya birligi júdá áhmiyatli orın iyeleydi. Mektepte oqıtılatuǵın hár bir

pánniń ózine tán tárbiyalı áhmiyeti hám imkaniyatları bar. Áne sol imkaniyatlardan óz ornında tuwrı paydalanıw oqıtıwshınıń bilim, tájiriybe hám sheberlikke, unamlı islewi, izlenisine baylanıslı.

Bilim beriwshilik hám tárbiyalıq faktor hám qurallar kóp. Solardan biri mámmleketlik nıshanlarınan sabaqlarda hám klastan tısqarı shınıǵıwlarda orınlı paydalanıw. Házirgi kúnde mektep oqıw baǵdarlamalarında bar bolǵan "Tárbiya", "Tariyx", "Mámleket hám huqıq tiykarları", "Geografiya" sabaqlarında hám klastan tısqarı tárbiyalıq jumıslarda mámleketlik nıshanlarınan keń paydalanıw maqsetke muwapıq keledi.

Ǵárezsizlikke eriskenimizden soń, bazar qatnasıqları jaǵdayında puqaralardıń ekonomikalıq, siyasiy hám jámiyetlik qatnasıqlardaǵı qatnası sheńberinde bir qansha keńeydi. Huqıqıy qatnasıqlarda tek erjetken puqaralar ǵana emes, bálki 18 jasqa tolmaǵan erjetpegenler de ózleriniń subyektlilik biyliginen paydalanıp qatnasıwı múmkin. Bul qatnasıqlardı támiyinlew ushın húkimet tárepinen barlıq shárt-sharayatlar jaratıp berilmekte.

Puqaralıq-huqıqıy qatnasıqlarda tek puqaralıq qatnas qábiletine iye bolǵan puqaralar ǵana emes, bálki 18 jasqa tolmaǵan erjetpegenler de ózleriniń puqaralıq subyektlilik biyliginen paydalanıp qatnasıwı múmkinligi bolsa, Ózbekstan Respublikasınıń jámiyetlik-ekonomikalıq rawajlanıwında jaslardıń ornı ayrıqsha ekenliginen derek beredi.

Puqaralar, sonıń ishinde, erjetpegen shaxslar da óturmısta eń kóp dus keletuǵın qatnasıqlar – bul puqaralıq-huqıqıy qatnasıqlar bolıp tabıladı. Xosh, bul qanday qatnasıqlar?

Kúndelik turmısımızda biz kóplegen qatnasıqlarǵa kirisemiz. Máselen, erte azanda turıp, elektr energiyaǵa, suw aqabaǵa, ıssı hám suwıq suwǵa, gazge múrájáát qılamız, kóshege – jumısqa yaki oqıwǵa atlanamız, transportqa shıǵamız, ulıwma awqatlanıw orınlarına kirip, qarnımızdı toyǵızamız, kino, teatr, stadionlarǵa túsip, ruwxıy azıq alamız. Bul – ele hámmesi emes. Siz puqaralıq-huqıqıy qatnasıqlardıń qatnasıwshısı sıpatında jeke menshik bank, fermer xojalıǵı, jeke menshik kárxana, notarial kontora, advokatura ashıwıńız; “Rotshild hám onıń

balaları" (Angliya), "Doyche-bank" (Germaniya) bankleriniń, jáhánge belgili Coca-Cola, Mc.donalds kompaniyalarınıń mámleketimizde kishi kárxanalardı ashıwıńız, óz ómirińiz hám salamatlıǵımızdı hár túrli baxıtsız hádiyselerden qamsızlandırıwıńız múmkin. Bilesiz be, bul haqqında jáhán jámiyetshiliginiń tınıshlıq, tatıwlıq hám ózara birge islesiw, birdemlik jolın tańlaǵan. Joqarıdaǵı jaǵdaylar 1948-jıl 10-dekabr kúni qabıl qılınǵan Insan huqıqları pútkildúnyalıq Deklaraciyasında óz kórinisin tapqan.

Sol mániste alǵanda, Deklaraciyanıń kirisiwinde insaniyat shańaraǵınıń hámme aǵzalarına (sonıń ishinde, erjetpegenlerge de) tán qádir-qımbat hám olardıń teń, ajıralmas huqıqların tán alıw erkinlik, ádalat hám jalpı tınıshlıq tiykarı ekenligine itibar berilgenligi orınsız emes. Sondday-aq, siziń abıray, qádir-qımbat, jeke qol qatılmaslıq, atamasına bolǵan huqıqıǵız da basqa huqıq (sonıń ishinde, jınayat huqıqı, administrativlik huqıq) tarawları qatarı puqaralıq huqıqı menen de qorǵanıwın  biliwińiz áhmiyetli Bir sóz benen aytqanda, bulardıń bárshesi puqaralıq-huqıqıy qatnasıqlar bolıp tabıladı. Sebebi usı qatnasıqlardıń negizinde belgili bir mal-múlk, máp hám shártnamalılıq jatadı. Usı qatnasıqlar mámleketimizde huqıqtıń ayrıqsha tarawı – puqaralıq huqıqı menen tártipke salınadı hám bekemlenedi. Ol bir qatar teń huqıqlı subyektler – puqaralar, yuridikalıq shaxslar hám mámleket ortasında júz beredi. Joqarıdaǵılardı ulıwmalastırıp, **puqaralıq huqıqı** yuridikalıq jaqtan teń bolǵan subyektler ortasınidaǵı múlklik hám jeke múlklik emes qatnasıqlardı tártipke salatuǵın hám bekkemleytuǵın huqıqıy normalar jıyındısı, dep aytıw múmkin. Usı jaǵday deklaraciyanıń  1-statyasında "Hámme adamlar óz qádir-qımbatı hám de huqıqlarına erkin hám teń bolıp tuwıladı. Olarǵa aqıl hám hújdan inam etilgen, solay eken, bir-birlerine degen biaradarlıq ruxında qatnasıqlarda bolıwı kerek", dep táriplenedi.

Sonı da aytıw kerek, siz turmısıńızda huqıqtıń basqa tarawları – miynet huqıqı, salıq huqıqı, bajıxana huqıqı, jınayat huqıqı menen de soqlıǵısıp qalıwıńız múmkin. Lekin aytıńızshı, olar menen barqulla soqlıǵısıp qalıwıńız múmkin be? Birden "joq", dep juwap beriwińiz tábiyǵıy. Oylap kórińiz – miynet huqıqı menen

tek belgili bir kárxanada xızmetker sıpatında islep atırǵanıńızda, tikkeley miynet procesinde soqlıǵısıp qalsańız, salıq huqıqı menen, derlik, jer salıǵı menen salıq nızamshılıǵına baylanıslı jılda eki mártebe, bajıxana huqıqı menen – qashan bolsa da Ózbekstan shegaralarınan tısqarıǵa shıǵılǵanda yaki kirilgende soqlıǵısıp qalasız. Bilesiz be, siz jınayat huqıqı menen ulıwma soqlıǵısıp qalmawıńız múmkin, eger jınayat kóshesine kirmeseńiz, jınayat nızamshılıǵı menen qadaǵan etilgen, ayıplı jámiyetlik qáwipli qılmıs (háreket yaki háreketsizlik) qılmasańız, jınayıy-huqıqıy qatnasıqlardıń subyekti bolmaysız. Juwmaq ózińizge, siz joqarıdaǵı huqıq tarawlarında adım ba adım yaki ulıwma qatnaspawıńız múmkin. Lekin puqaralıq huqıqınan ayra túse almaysız. Usı orında biz siziń múlkshilik qıyapańızsı ashıp bermekshimiz. Ne dep oylaysız – Siz áyne házirgi payıtta ózińizdi múlkshilik iyesi dep esaplaysız ba? Múlk ózi ne ekenligi haqqında qanday bilimlerge iyesiz? Usı jaǵdaylar mámleketimizde hám jáhón jámiyetshiliginde qaysı hújjetler menen tártipke salınadı dep oylaysız? Usı hújjetlerge muwapıq, siz qanday huqıq hám májbúriyatlarǵa iyesiz? Usı máselelerde qanday da bir konflikt, kelispewshilik kelip shıqqanda, onı qanday tártipte sheshiw, kimge múrájáát qılıwdı bilesiz be, siziń huqıqlarıńızdı kim hám qanday qorǵawdı bilesiz be?

Eger nızamnan yaki milliy ádetten basqasha tártip kelip shıqpasa, puqara óz familiyası hám atınan, sonday-aq atasınıń ismi menen huqıq hám parızlarǵa iye boladı, hám de olardı ámelge asıradı. Nızamda názerde tutılǵan jaǵdaylarda hám tártipte puqara taqallusten (toqılǵan ismnen) paydalanıwı múmkin. Bilesiz, shayır-jazıwshılarımız tiykarınan taqallusten (ádebiy laqaptan) paydalanadı (Nawayı, Ziyuar, Ayaziy  hám basq.).

Puqara nızamda belgilengen tártipte óz ismin ózgertiwge haqılı. Puqaranıń óz ismin ózgertiwi dáslepki ismi menen alǵan huqıq hám parızların biykarlaw yaki ózgertiw ushın tiykar bolmaydı.

Ismin ózgertken puqara óziniń dáslepki ismine rásmiylastirilgen hújjetlerge óz esabınan tiyisli ózgertiwler kiritiliwin talap qılıwına haqılı. Áyne waqıtta sonı aytamız, basqa shaxs isminen paydalanıp huqıq hám parızlarına iye bolıwına jol qoyılmaydı.

***Qarım-qatnas qábileti*** – puqaralardıń óz háreketleri menen puqaalıq huqıqlarına iye bolıw hám olardı ámelge asırıw, ózi ushın puqaralıq parızların júzege keltiriw hám olardı orınlaw qábileti bolıp esaplanadı. Tolıq qarım-qatnas qábileti iyesi nızam jol qoyǵan qálegen túrdegi yuridikalıq háreketlerdi islewi múmkin (máselen, shártnamalar dúziw, jetkerilgen zıyandı tólew hám t.b.lar).

Qarım-qatnas qábiletiniń huqıq qábiletinen parqı sonnan ibarat, bárshe puqaralar da qarım-qatnas qábiletine iye bola bermeydi. Qarım-qatnas qábiletine iye bolıwdıń shárti sonnan ibarat, qarım-qatnas qábiletine iye bolǵan puqaralar aqıllılıq penen óz háreketleriniń aqıbetlerin túsinip háreket qıladı. Málim bolǵanınday, jańa tuwılǵan bala tolıq huqıqıy qábiletke iye bolsa da, óz háreketleri menen birde -bir huqıq hám májbúriyat ala almaydı.

*Umıtpańız,* tolıq qarım-qatnas qábileti **18 jastan** baslanadı.

Sonday-aq, tolıq qarım-qatnas qábileti tómendegi jaǵdaylarda da júzege keledi:

- erjetkenge shekem nızamlı tiykarlarda nekeden ótken puqara nekeden ótken waqıttan itibarlı;

- neke dúziw nátiyjesinde iye bolǵan qarım-qatnas qábileti on segiz jasqa tolmastan turıp neke biykar qılınǵan tágdirde de tolıq saqlanıp qaladı;

- emansipaciya halatına muwapıq, 16 jaslı puqara tolıq qarım-qatnas qábiletine iye dep daǵazalanǵanda.

Xosh, erjetpegen shaxslardıń puqaralıq qarım-qatnas qábileti qanday?

Eń dáslep, sonı aytamız, Puqaralıq kodeksi erjetpegenlerdi **eki toparǵa** bóledi – jas dárejelerine qaray, yaǵnıy 14 jasqa shekemgi bolǵan hám 14 jastan 18 jasqa shekemgi bolǵan erjetpegenler.

***On tórt jasqa shekemgi*** bolǵan erjetpegenler (jas balalar) tolıq qarım-qatnas qábiletine iye emes.

– altı jastan on tórt jasqa shekemgi bolǵan balalar:
– mayda turmıslıq kelisimler, máselen, biraz joqarıda aytqanımızday, muzqaymaq, oqıw quralların satıp alıw, qaysı bir, óz zárúrliklerin qandırıwǵa xızmet qılıwshı nárselerdi satıp alıw;

- tegin máp kóriwge qaratılǵan, notarial tastıyıqlanıwı yaki mámleket diziminen ótkeriwdi talap qılmaytuǵın kelisimler, máselen, tuwılǵan kúnlerde, hayıt hám Nawrız bayramlarında ata-analarınan, baba-kempir apalarınan, jaqın aǵayinlerinen, klasslaslarınan birde-bir sawǵa (inam) alıw hám usı nárselerdi ańlaw barısındaǵı kelisimlerdi ámelge asırıwǵa haqılı bolıp tabıladı.
- On tórt jasqa shekemgi bolǵan erjetpegenler ushın kelisimlerdi olardıń atınan ata-anaları, perzentlikke alıwshılar yaki qáwenderleri (nızamlı wákilleri) dúzedi.

Birewge jetkerilgen zıyanları ushın da juwapker bolmaydı. Olar ushın ata-anaları yaki basqa qadaǵalawshıları juwapker bolıp tabıladı.

***On tórt jastan on segiz jasqa shekemgi*** bolǵan erjetpegenler (óspirimler) ásirese, qarım-qatnas qábiletine iye bolıp, nızamlı wákilleri (ata-anaları, perzentlikke alıwshılar yaki qáwenderleri) niń ırazılıǵı bolǵan tágdirde óz háreketleri menen huqıq hám májbúriyatlar alıwı múmkin.

Óspirimler kelisimlerdi ata-anaları, perzentlikke alıwshılar yaki qáwenderlelriniń ırazılıǵı menen dúzedi. Lekin olar erkin ráwishte ózleriniń is haqıları yki stipendiyalarınengiziwge, óz shıǵarmaları, oylap tabıwlarına bolǵan avtorlar hám de oylap tabıwshılıq huqıqların, óz jańalıqlarına bolǵan huqıqların ámelge asırıwǵa, banklerge qárejetler qoyıw hám olardıen jaydırıwǵa, sonday-aq basqa mayda turmıslıq kelisimlerdi dúziwge haqılı. Olar 16 jastan kooperativlerge aǵza bolıp kiriwi múmkin.

Jeterli tiykarlar bar bolǵanında sud nızamlı wákilleri yaki miyrasxorlıq hám qáwenderlik organınıń iltimasnamasına muwapıq, óspirim óz is haqısı yaki stipendiyasın erkin engiziw huqıqın sheklewi yaki bul huqıqtan mahrum etiwi múmkin.

Óspirimler basqa shaxslarǵa jetkerilgen zıyanları ushın ámeldegi nızmalarımızda belgilengen tártipte juwapker boladı.

Puqaralar ózleriniń huqıqıy qábileti mazmunına jarasa har qıylı puqaralıq huqıqların alıw imkaniyatına iye.

Ózbekstan Respublikasında jaslar ayrıqsha jeńillikke iye qatlam sıpatında mámleket hám jámiyet tárepinen ardaqlanadı. Bunda olarǵa ekonomikalıq, jámiyetlik hám basqa máselelerde keń qosımsha imkaniyatlar jaratılǵan bolıp, bulardıń arasında miynet etiw huqıqları jetekshi orında turadı.

Erjetpegen puqaralarǵa bántlik tarawında qosımsha kepillikler berilgen bolıp, múlkshilik formasına qaramastan, barlıq kárxana hám shólkemler olar ushın qosımsha jumıs orınların kvotalap qoyıwı, Bántlikke kómeklesiw orayları tárepinen jumısqa jallanǵan óspirimlerdi bolsa belgilengen jumıs orınlarına jumısqa qabıl qılıwı, olarǵa islep shıǵarıwdıń tikkeley ózinde shákirtlik tiykarında kásip-óner úyreniwi ushın imkaniyat jaratıp beriwi kerek.

Miynet shártnamasın dúziw hám jumısqa qabıl qılıw waqtında erjetpegenler ushın qosımsha kepillikler názerde tutılúan. Sonıń ishinde, olardıń salamatlıǵı hám ruwxıy ádep-ikramlılıq tárbiyasınıń qorǵalıwı ushın materiallıq juwapkershilik penen baylanıslı jumıslarǵa, orindaslıq tuykarda 18 jasqa tolmaǵan shaxslardıń jumısqa qabıl etiliwi qadaǵan etiledi. Sonday-aq, nızam hújjetlerinde 18 jasqa tolmaǵan shaxslar miynetinen paydalanıwǵa jol qoyılmaytuǵın kásipler, jumıslar názerde tutılǵan.

Erjetpegenlerdiń salamatlıǵın qorǵaw maqsetinde 18 jasqa tolmaǵan óspirimlerdiń hár qanday jumısqa tek dáslepki medicinalıq kórikten ótkerilip jumısqa qabıl etiliwi belgilengen. 16 jasqa tolmaǵan balalardıń máplerin qorǵaw maqsetinde olardı jumısqa qabıl etiw hám miynet shártnamasın dúziw waqtında atası yaki anası, yamasa basqa erjetken shańaraq aǵzalarınıń jazba razılıǵı talap etiledi.

Sociallıq qorǵawǵa mútáj shaxslar ushın, sonıń ishinde, 18 jasqa tolmaǵan shaxslar ushın ajıratılǵan eń kem jumıs orınları esabınan jumısqa qabıl etiliwin tiykarsız biykar etkenlik ǵayrınızamlı háreket bolıp, bunday háreket ústinen 18 jasqa tolmaǵan shaxs yaki onıń nızamlı wákilleri (atası, anası, qáwenderlik etip tayınlanǵan shaxs) sudqa shikayat qılıwı múmkin.

On segiz jasqa tolmaǵan xızmetkerler ózleriniń miynet huqıq qábileti mazmunı boyınsha úlken jastaǵı xızmetkerler menen teń huqıqqa iye boladı.

Sonday-aq, is haqını alıw, kárxanada belgilengen jeńilliklerden paydalanıw, kepillikli hám kompensaciyalar hám de basqa máselelerde olar úlkenler menen teń huqıqlı bolıp tabıladı.

## 1.2. Oqıwshılardı huqıqıy tárbiyalaw.

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń Kirisiwide xalqımızdıń tiykarǵı maqsetlerinen biri insanparwar, demokratiyalıq, huqıqıy mámleket payda etiw dep kórsetilgen.

Huqıqıy mámleket qurıw ushın bolsa usı mámlekettiń fundamentin jaratıwshılar huqıqıy jaqtan bilimli, tárbiyalı, sanalı bolıwı kerek. Nızam-qaǵıydalardı biletuǵın, olarǵa ámel qılatuǵın, jámiyetlik jumıslardı orınlaytuǵın mádeniy dárejesi joqarı bolǵan shaxslardı qáliplestiriw baǵdarında huqıqıy tárbiya ayrıqsha orın iyeleydi.

Huqıqıy tárbiya bolsa ulıwma tárbiyanıń ajıralmas bólegi bolıp, insandı jámiyette ornatılǵan nızam-qaǵıydalarǵa ámel etiw, olardı húrmetlewge shaqıradı. Huqıqıy tárbiyaǵa ayrıqsha itibar berip, birinshi prezidentimiz I.A.Karimov, Ekonomikalıq, siyasiy hám eń dáslep huqıqıy mákanǵa tiyisliliginshe basqıshma-basqısh táminlenip barılmas eken, insannıń barlıq huqıqları- mámleketlik jumısların júritiwde qatnasıwı, isenim erkinligi, jıynalıslar, uyushmalar erkinligi va shu kabi huquqlar havoda muallaq bo’lib qolaveradi, deb ta`kidlashi bejiz emas.

Huqıqıy mámleketti qurıwda qatnasıwshı shaxs: huqıq hám erkinliklerin ǵana bilip qalmastan, demokratiyanıń túpkilikli mánisin ańlawı lazım. Sebebi demokratiya huqıqıy mámlekettiń quram bólegi. Huqıqıy mámleket insan shaxsın eń joqarı qádiriyat sıpatında moyınlawǵa hám tolıq qabıl qılıwǵa tiykarlanǵan pútin ámel qılıwshı sistema. Bul sistemanı biliw, onıń tiykarlarına ámel etiwde, hár bir shaxstıń huqıqıy sawatlılıǵın asırıw - dáwir talabı.

**Huqıqıy tárbiyanıń dáslepki basqıshı** negizinde baqshada, mektepte baslanadı. Lekin tárbiya beriwshi shaxs onıń metodın, jolların bilmese, tuwrı tárbiya bere almaydı.

Huqıqıy tárbiya metodikasın sistemalastırıw hám jáne de jetilistiriw házirde pedagoglardıń aldında turǵan áhmiyetli wazıypalardan biri. Huqıqıy tárbiyanı keń hám tar mánide kóriw múmkin. Keń mánide pútkil jámááttiń, kópshiliktiń sanasına tásir kórsetiwge qaratılǵan tárbiya, tar mánide bolsa ayrıqsha shaxsqa, onıń sanasına tásir etiw jolları túsiniledi.

Huqıqıy tárbiyanıń nátiyjesinde keń jámáát yaki ayırım shaxs óz is-háreketiniń nızamlı ekenligin túsinse, huqıqıy tártiplerdi buzbawǵa háreket qılsa, ózin sanalı túrde, huqıq normalarına ámel etken halda basqara alsa, maqsetke erisilgen bolıp esaplanadı.

Demek, **huqıqıy tárbiya bul** – shólkemlestiriwhsilik túrde turaqlı alıp barılatuǵın, anıq maqsetti kózlegen hám shaxsqa (topar, shaxslarǵa) tásir qılatuǵın, olarǵa huqıqıy sana, huqıqıy bilim, nızamlarǵa ámel qılıw qásiyetlerin júzege keltiretuǵın háreket bolıp tabıladı.

Málim bolǵanınday, nızamǵa ámel qılıw ushın, eń dáslep onı biliw kerek. Huqıqıy tárbiya arqalı hár bir shaxstıń sanasına, ne qılıw múmkin, ne qılıw múmkin emesligin, jámiyet, mámleket onnan neni talap qıladı, nızamǵa ámel etiw jolları neden ibarat ekenligi jetkeriw lazım.

Tártip buzıwshılardıń arasında óz is-háreketin nızamlı emesligin ańlamaw, nızamlı emes eken dep te oylamaw hám bunday háreketti jazaǵa ılayıq emes dep túsiniwshilik kóp ushırasadı. Sonday túsinik payda bolmaslıǵı ushın tárbiya procesinde hár bir jámáátte ornatılǵan tártipti buzıw, nızam normalarına ámel etpeslik nátiyjesinde intizamlı, administrativlik, mateeriallıq yaki jınayıy jaza kelip shıǵıwın túsindiriw, uqtırıw zárúr.

Shaxs hám jámiyet ortasında júzege keletuǵın múnásibetlerdiń jámiyettiń rawajlanıw principlerine say bolıwı shaxs iskerliginiń baǵdarlap turıwshı turmıslıq poziciyasına baylanıslı. Turmıslıq poziciya bolsa tárbiya procesinde qáliplesedi. Sol sebepten áyyemgi jámáátlik dúzimi dáwirinde-aq shaxs tárbiyasın jámiet óz qadaǵalawına alǵan hám bul wazıypanı orınlawdı eń dana adamlarǵa tapsırǵan.

Jasllardıń huqıqıy tárbiyasın ámelge asırıw procesinde ótmishtegi ullı danıshpanlardıń tájiriybesine tayanıw úlken áhmiyatke iye. Oraylıq Aziyada

áyyemnen bala tárbiyasına úlken itibar berip kelgen. Máselen, Ámir Temur óz úgit-násiyatlarında sonday dep aytqan:

«Bolar adam jasında bas bolar,
Bolmas adam qırqında da jas bolar».

«Gódeklerdi jılatpańız, balalarǵa azap bermeiz –bul gúnayı-azim erur. Bunday gúnanı Allah xosh kórmegey...». Joqarıdaǵı qatarlardan Ámir Temur balalarǵa jaslıqtan tárbiya beriwde ata-anaǵa hám basqa sol is penen shuǵıllanıwshılarǵa millet dárdine dárman bolatuǵın shaxslardı tárbiyalawdı wásiyat qılǵan. Sebebi millettiń ullı mártebesin, saodatın saqlaw ushın isbilermen, márt, biznesmen shaxslardı jetkeriw zárúr.

Abu Nasr al Farobiy mámleketti basqarıwshı shaxstıń tárbiyalılıǵına keń anıqlama berip, bul tárbiya jaslıqtan ámelge asırılǵan bolıwı kerek, dep atap ótedi. Óziniń: «Nızamlar haqqında kitap», «Baxt-saodatqa erisiw jolları haqqında kitapsha», «Pazıyletli minez-qulıqlar» miynetlerinde sociallıq turmıs haqqındaǵı ilim, onıń wazıypaları, insaniyat jámiyetiniń qálilesiwinde hár bir adamnıń ornın kósetken.

Farabiy hár bir adamnıń baxt-saodatına erisiwinde jalǵız ózi emes, kóplegen adamlardıń birgeliktegi i-háreketi, adamlardıń xızmeti, bul mámlekette jasawshı insanparwar, insanǵa muhabbatlı, joqarı ádep-ikramlı adamlardıń tásirinde bolıwǵa umtılıwı kerekligin kórsetken.

Húkimdar, Farabiydiń pikirinshe, belgili bir intellektual hám ádep-ikramlılıq pazıyletlerge iye bolıwı, basqarıwdıń ulıwma nızamların biliwi, hám de óz mámleketiniń adamların arqasınan erte biliwi, tárbiyalay alıwı, olardı jalpı parawanlıqqa erisiwge jollay alıwǵa umtılıwı kerek.

Farabiydiń tárbiya haqqındaǵı pikirleri, jámiyetlik-siyasiy tálimatı Ibn Maskaviy, Beruniy, Ibn Sinanıń miynetlerinde jáne de rawajlandırıladı.

Beruniy puqaralar tárepinen basqarılatuǵın mámleketti ideal mámleket dep esaplaǵan. Lekin bul mámleketti hár kim hám basqara almaydı, onı haqıyqıy tárbiyaǵa iye shaxs basqarıwın kórsetip, tárbiya procesinde ápiwayılqtan

quranalılıqqa erisiw kerekligin, tárbiya kóp qırlı, hár qıylı kóriniste bolıwı, tárbiyalanıwshını tárbiyashı ózine tarta alıwın áhmiyetli dep bilgen.

Ibn Sinanıń pikirinshe jas áwlaa tárbiyasında átirap ortalıq orin egallaydi. Shaxstıń tárbiyası bul bir kúnlik yaki bir jıllıq emes ekenligin, tárbiya quramalı bolǵanlıǵı sebeplu  tárbiyashınıń sabır-taqatlı bolıwı kerekligi sıpatlanıwı dálilllengen.

Huqıqıy tárbiya procesinda Jalaliddin Davaiydiń úgit-násiyatları júdá áhmiyetli orın iyeleydi. Onıń «Psixologiya traktatı», «Bola tárbiyası metodı» miynetlerinde tárbiyanıń ólshemi balalıq jılları ekenligi kórsetilgen. Bola hamma nárseni ózine aladı, jaqsı-jamandı da, sebebi onıń aqılın parqlaw ózgesheligine iye emes. Sonıń ushın ala tárbiyasına asıqpastan, sabır menen jantasıw zárúrligin bildirgen.

Jaslar tárbiyasında ullı sóz sheberlerimiz Alisher Nawayı, Jamiy, Hamzalardıń násiyatları da úlken rol iyeleydi. Alisher Nawayınıń pikirinshe, tárbiyanı balalıq dáwirden baslaw zárúr. Lekin, tárbiyashı ózi bilimli, ádep-ikramlı bolıwı, eń dáslep balalardı súyiw qásiyetine iye bolıwı shártligin kórsetken.

Joqarıdaǵı bala tárbiyasına berilgen násoiyatlardan házirgi tárbiyashılar óz tájiriybelerinde paydalansa hám búgingi jańa ilimiy kózqaraslar menen baylanıslı jandassa, álbette, jaqsı nátiyje alıwı múmkin. Demek, insan tárbiyası onıń ómirindegi ornın anıqlaw, shaxstı jasawǵa úyretiw jámiyet xızmetiniń áhmiyetli tarawlarınan bolıp kelgen. Tárbiyanıń jámiyetlik wazıypası shaxstı birde-bir paydalı iske, xızmetke úyretiw demekdur.

Huqıqıy tárbiya hámme túrdegi tárbiyanıń ulıwma baǵdarları sıyaqlı áyyemgi zamanlarda payda bolǵan hám mámleket bar bolǵannan berli oǵan baylanıslı halda rawajlanǵan. Huqıqıy tárbiya, tárbiyanıń ulıwma principleri tiykarında alıp barılsa da, ózine tán arnawlı xarakterge iye. Huqıqıy tárbiya derlik kepillegi bar mámleket organlarıı tárepinen ámelg asırıladı. Solay eken, huqıqıy tárbiya mámleket tárepinen belgilengen arnawlı tárbiya sistemalarında shólkemlestiriledi hám anıq maqsetti názerde tutadı.

Huqıqıy tárbiya basqa túrdegi tárbiya menen ózara jaqın. Máselen, adamda miynetke bolǵan qatnastı qáliplestiriwde onı bile-tura baǵınıshlılıqqa emes, bálki jámiyet hám mámleket máplerine, mámlekettiń tártip hám qaǵıydaların húrmet qılıwǵa úyretiw lazım.

Ádep-ikramlılıq normaları menen huquq normaları bir-birine, ásirese, jaqın turadı. Shaxs ádepsiz bolsa, ol nızam talabına ámel qılmaydı. Solay eken, bunday shaxstı huqıqıy tárbiyalaw nátiyjesiz boladı, hátteki jaza ilajları da onı jolǵa salıwı qıyın.

Endi ádep-ikramlılıq huqıqıy tárbiyanı alıp kóreyik. Shaxstı ádep-ikramlılıq jaqtan tárbiyalawda onıń sanasında hám xızmetinde ulıwma ádep-ikramlılıq principlerdi qáliplestiriwge umtılamız. Lekin, hár bir kásip hám qánigeliktiń ózine tán huqıqıy etikası bar bolıp, shaxs oǵan ámel qılmasa, onıń miynet iskerligi, qarım-qatnası jámiyet talabına juwap bermeydi. Máselen, mektep, shańaraq tálim basshılarınıń etikası kishipeyillik, házirjuwaplılıq, ornatılǵan ishki qaǵıydalarǵa tuwrı ámel qılıw sıyaqlı ádep-ikramlılıq hám huqıqıy elementlerden quraladı. Basshı nızam-qaǵıydaǵa ámel qılıwın perde etip, pedagogikalıq jámáátke qopal qatnasta bolsa, olardıń arzın tıńlamasa, rasmiyatshılıqqa berilip, basshılıq etikasın buzıwı múmkin. Insan tábiyatındaǵı sanalı-sanasız túsiniklerdi tuwrı jolǵa salıwda, nızam-qaǵıydalarǵa rámel qılıwada, ádalatlı bolıwda huqıqıy tárbiya, onıń metodları úlken áhmiyetke iye boldı.

Solay eken, huqıqıy tárbiya metodınıń ózine tán ózgesheliklerinen biri shaxs sanasında huqıqıy túsiniklerdi tárbiyanıń basqa baǵdarları menen birgelikte qáliplesiw, yaǵnıy hár bir huqıqıy tárbiya elementin oǵan sáykes bolǵan ideyalıq, ádep-ikramlılıq, etik principlerge baylanıslı halda túsindiriwden ibarat.

Ulıwma tárbiya baǵdarları tálim hám ámeliy kózqarastan sheksiz bolıp, anıq kólemge iye emes. Máselen, shaxstı ideyalıq jaqtan jetik dep esaplaw ushın qanday kólemde teoriyalıq bilim beriw kerek? Yaki shaxstı miynetkesh dep isenim payda qılıw ushın onı miynetke qanday hám qansha úyretiw kerek? Shaxs huqıqıy jaqtan tárbiyalanǵan dep úzil-kesil nuqta qoyıp bolmaydı, tárbiya úzliksiz dawam etedi. Huqıqıy tárbiyada da sonday ázgeshelikler bar. Lekin onıń ózine tán xarakteri

sonnan ibarat, quramı málim dárejede kólem hám shegaraǵa iye. Sebebi mámleket tárepinen belgilengen tártip, nızam-qaǵıydalar anıq sheńber de kólemde boladı.

Puqaralardı nızam-qaǵıydalardıń orınlanıwında qatnasıwǵa úyretiw olardı shólkemlestiriwshilik usıllar járdeminde mámleket belgilegen tártip intizamǵa ádetlandiriw. Shaxs nızam-qaǵıydanı bilgeni, túsingeni menenn onnan qanday paydalanıw, onı qanday orınlawdı bilmese, nızamda belgilengen maqsetke erisip bolmaydı.

Egerde ulıwma orta tálimde oqıw kitapları oqıwshılarúǵa biypul tarqatılsa, oqıwshılarǵa kitaptı asıraw, olardan paydalanıw tártibi oúyretiliwi lazın. Bolmasa mámleketke materiallıq zıyan jetiwi múmkin.

**Huqıqıy tárbiyanıń maqseti** málim qurallar, forma hám metodlar járdeminde shaxstıń sanasına tásir kórsetip, onda mámleket belgilegen nızam-qaǵıydalarǵa boysınıwdı, mámleket siyasatın orınlaw hám de óz is-háreketin qáliplestiriwden ibarat.

**Huqıqıy tárbiyanıń aldına qoyǵan ulıwma wazıypa** shaxsqa nızamlardı hám oǵan ámel qılıw jolların úyretiw. Huqıqıy tárbiyanıń yuridikalıq wazıypası shaxsqa belgili jaǵdaylarda zárúr huqıqıy normalardı qollana alıw qábiletin tárbiyalaw.

Huqıqıy tárbiya shańaraqta, baqshada, mektepte, oqıw orınlarında, joqarı oqıw orınlarında alıp barıladı. Huqıqıy tárbiya – tárbiyalanıwshılardıń minez-qulqına tásir kórsetiwshi, olardı tártip sheńberinde tutıw ushın tiykar bola alatuǵın bilim beriw. Lekin tárbiyashı tek bilim berip ǵana qalmastan tárbiyalanıwshılarǵa hár túrli dormada tásir de ótkeriwi kerek.

Jaslar tárbiyanı, dáslep, shańaraqta ata-anasınan aladı. Hámmemizge málim, bala jaqsılıqtı da, jamanlıqtı da eń dóslep dhańaraqtaǵı ǵlkenlerdi is-háreketinen úyrenedi. Ata-analar óz minez-qulqları menen perzent húrmetine miyasar bolıwı, onıń ómir jolında úlgi bolıwı lazım.

Huqıqıy tárbiya bir neshe bólimlerden ibarat bolıp, ulıwma tárbiyanıń bir ri. Balanı tárbiyalaw ushın dóslep ata-analarndıń ózleri ámirdi jaqsı biliwi, Ózbekstan Respublikası Konstitutiyasın, onda kórsetilgen puqaralıq túsinikti, puqaralar

huqıqı, erkinlikleri hám parızları neden ibarat ekenligin úyrenip shıǵıw shárt. Olar nızamlarda kórsetilgen, hámme ushın májbúriy bolǵan huqıqıy qaǵıydalardı bilgeninen keyin ǵana olardı óz perzentlerine áste-aqırın úyretip, túsúmdirip baradı

Máselen, jınayat huqıqınan – jınayat túsinigin, erjetpegenler qanday jınayatları ushın jınayıy jazaǵa tartılıwı múmkinligin, jaza túsinigin hám basqalardı túsindire biliwi lazım. Máselen, hámme ata-analar erjetpegeneler 13 jastan awırlastırılǵan halatta adam óltiriwde qatnasıwı ushın jınayıy jazaǵa tartılıwın bilmeydi. Bunı bilip, óz perzentlerine túsindiriwi bolsa jınayattıń aldın alıwǵa járdem beredi.

Ǵalaba xabar quralları arqalı daǵazlanǵan jınayat haqqındaǵı maqalalardı shańaraqta perzentler menen birgelikte oqıp, talqılaw lazım. Miynet huqıqınan ata-analar erjetpegenlerdiń miynet huqıqların, olarǵa mámleket ǵamxorlıǵı nelerden ibarat ekenligin hám miynet huqıqına tiyisli basqa máselelerdi úyretiwi lazım.

Miynet etiw huqıqı 16 jastan, ayırım jaǵdaylarda 14 jastan da beriledi. Lekin erjetpegenlerge mámlekettiń ǵamxorlıq qılıp, qısqartılǵan jumıs waqtı háptesine, 36 saat 16 jastan 18 jasqa shekem hám háptesine 24 saat 14 jastan 16 jasqa shekem, miynet dem alısları 24 kún, erjetpegenler qashan qálese - qısta yaki jazda bul dem alıstı alıwı, awır jumıslarda olardıń miynetinen paydalanıw múmkin emesligin hám basqa jeńillikler belgilengenligin uqtırıp barıw kerek.

Jaslarǵa tábiyattı qorǵaw haqqındaǵı nızamlardı túsindirip, qanday maqsette bul isler isleniwin de aytıp barıw lazım. Mámleket tábiyat baylıqların qorǵawdı, olardıń tek adamlardıń házirigi áwladlarınıń mápleri jolında ǵana asıraw jolında nızamlılıqtı táminleydi. Perzentlerimiz sonı anıq túsiniwi kerek, tábiyattıń búgingi azıqların erteńgi kúnde basqalar da kóriwi kerek. Sonıń ushın mámleketimizdiń kem ushırasatuǵın hám ósimlikler dúnyasın qorǵaw, asıraw Ózbekstan Respublikasınıń hár bir puqarasınıń parızı. Sonday-aq, ata-analar báhár paslında qarlıǵashlarǵa uyalar soǵıp, olardıń ushıp keliwin kútiwi, terek egip olardı áshirepilewi de balanıń ómirinde úlgi boladı.

Puqaralıq huqıqı haqqında túsindirgende, dáslep ata-analardıń ózleri puqaralıq qatnasıqlardı biliwi kerek, álbette. Puqaralıq huqıqı adamlar ortasındaǵı,

kárxana, mákeme, shólkemler, qullası, jámiyette múlkshilik qatnaslardı tártipke salıwǵa xızmet qıladı. Máselen, aldı-sattı, qarız beriw yaki alıw, turar jayın ijaraǵa qoyıw hám t.b. Mektep oqıwshısı kitapxanadan kitap aldı, eger kitaptı joǵaltsa yaki jırtsa endi onı tólewi shárt, Siz jasap turǵan úy hár ayda haqı tólep turıwdı talap qıladı, egerde haqı tólnbese, belgillengen waqıt ótkennen soń, shara kóriliwi múmkin. Dúkannan zat alǵanda, álbette, satıwshı bahasın qarap haqı aladı, bahası tólenbesten alıp shıǵıp ketilse, jazaǵa tartıladı.

Puqaralıq qatnasıqta bolıwda huqıq qábileti menen qarım-qatnas jasaw qábileti nelerden ibarat ekenligin biliw de kerek. Huqıq qábileti insannıń tuwılıwı menen berilip, óliwi menen tamamlanadı, qarım-qatnas qábileti erjetpegenler ushın 15 jastan 18 jasqa shekem, tolıq, qarım-qatnas qábileti 18 jastan beriledi. Ruwxıy kesellikleri bar, ishkilikke berilgen hám náshebentler qarım-qatnasqa qábileti joq bolıp esaplanadı.

Shańaraq nızamları boyınsha ata-analar perzentlerine shańaraq, neke t;siniklerin, ata-ana perzentlerine bir-birine bolǵan huqıq hám parızların úyretiwi lazım.

Ayırım ata-analar ele perzentlerimiz kishkene, shańaraq turmıs tárizi hám perzent máseleleri menen keyin ala tanısadı, dep oylaydı. Lekin shańaraq turmıs tárizi menen perzent jaslıǵınan tanıs bolǵnaı orınlı. Máselen, ata-ana bir-birin nege jaqsı kóredi, nege perzentke mehir qoyadı, nege olar eń jaqın insanlar dep tanılǵan? Shańaraq – bul ata-ana, perzentler hám qarındas-aǵayınlerden dúzilgen shólkem deymiz. Demek, perzent jaslıǵınan aǵayın-tuwǵanları kimler, olar bir-biri menen qalay baylanısqan degen sorawlarǵa juwap bere alıwı, buni túsine biliwi orınlı.

Neke bolsa erkek hám hayaldıń ortasında dúzilgen ıqtıyarlı kelisim bolıp, PHAJ arqalı rásmiylestiriledi. Neke jasına jetiw, turmıs qurıw ushın oǵan hár tárepleme tayar bolıw, jaqsı kásipti iyelew, er-hayal aldında turǵan parızlardı túsindiriw ata-ananıń wazıypası. Málim bolǵanınday, ayırım jaslarımız ele neke túsinigime iye bolmastan nekeden ótedi, turmısta ushırasqan birinshi

qıyınshılıqlarǵa sabır ete almastan ajıraladı, ayırım jaslarımız bolsa ózlerin nabıt qıladı.

Shańaraqtaǵı parız máselesin perzentlerine úyretiwden aldın ata-analardıń ózleri olarǵa úlgi bolıwı shárt. Er-hayal óz miynetleri bir-birine bolǵan múnásibetleri, is-háreketleri menen perzentlerine tuwrı yai natuwrı jol kórsetiwi múmkin. Shńaraqtaǵılardıń bir-birin húrmet qılıwı, kesel bolǵanında, miynet qábiletin bir tárepleme yaki pútkilley joǵaltqanında ǵamxorlıq qılıwı, járdem beriwi neden ibarat ekenligin de túsindiriw kerek. Ata-ana perzentin ósiredi, jegizedi, kiyindiredi? Perzent-she? Perzentler de óz ata-analarınıń aldındaǵı parızların Ózbeksan Respublikası Konstituciyasınan oqıp, túsinip alıwı shárt. Olardıń shańaraq byudjetin, úy-ruwzgershilik máselelerin, shańaraq miynetin de jaqsı túsinip alıwına ata-ana járdem beriwi kerek. Hár kúni berilgen jumıstı waqtında orınlawı talap etip turılsa, bala soǵan úyrenedi. Miynet etiwdi úyrengen, ata-anasınıń awırın jeńilletiwge ádetlengen bala, huqıq qaǵıydaların buzıwǵa jol qoymaydı.

<u>Huqıqıy tárbiya formaların támendegilerge bóliw múmkin:</u>

a) huqıqıy bilim;

b) huqıqıy shólkem;

v) jámátshilik tárepinen alıp barılatuǵın jumıslar;

g) huqıqıy jaqtan qorǵalatuǵın mámleketlik organlardıń jumısları menen tanısıw (tergew, sud processlerinde qatnasıw), xalıq deputatların talabanlıqqa usınıw májilislerinde, máhálliy hákimiyatlar qasındaǵı erjetpegenlerdiń komissiyalarınıń qatnasıwı. Huqıqıy tárbiyanı jámáát ortasında yaki individual formada ámelge asırıw múmkin.

Tárbiya procesin eki elementten – úyreniw hám úyretiwden ibarat. Tárbiyashınıń tiykarǵı wazıypası bul jalǵız process elementleri neden quralıwın, yaǵnıy tárbiyashı neni úyretiwi, tárbiyalanıwshılar bolsa neni úyreniwi kerekligin anıqlaw. Tárbiyashı úyreniw procesinde basshılıq qılıw, auditoriyadaǵılar sanasına huqıqıy bilimlerdi sińdiriw ushın tárbiyanalıwshılardıń qábiletinen xabardar bolıwı lazım.

Úyreniw proccesi, yaǵnıy tárbiyalanıwshılar xızmeti, oqıwdan, bilimge itibardan, sawatlılıqdan quraladı. Huqıqıy tárbiyada úyreniw procesin tolıq qáliplestiriw nızamlılıq hám huqıq tártipti bekkemlew ushın jaǵday jaratadı.

Málim bolǵanınday, shaxstaǵı dágerek-átirap haqqındaǵı túsinik onıń sanasına tásir etedi. Sanasız adam óz insanıylıq kelbetin joǵaltadı, yaǵnıy óz is-háreketlerin bilip qabıl etpeydiı Shaxstıń sanalı túrde háreket qılıwı yaki háreketten ózin tıyıwı onıń ruwxıy tınıshlıǵına baylanıslı.

Shaxs xızmetiniń basqa kórinisleri sıyaqlı oqıw procesi de ruwxıy ózgeshelik penen baylanıslı. Oqıtıwshı úyretip atırǵan huqıqıy normalardıń oqıwshılardıń sanasına sıńdiriwin qadaǵalap turıwı kerek. Bunıń ushın oqıtıwshı sabaqtı ózlestiriw procesin qanday ótip atırǵanın, oqıwshılardıń huqıqıy hújjetlerdi qalay qabıl qılatuǵınlıǵın eslep alıp atırǵanın baqlap baradı hám olardıń ruwxıy ózgesheliklerine súyengen halda tárbiya procesin tártipke salıp turadı.

Shaxsta huqıqıy normalar haqqındaǵı túsini, onıń ruwxıyatına tiykarlanǵan halda rawajlandırıladı. Sonıń ushın tárbiyashı óz qaramaǵındaǵı tárbiyalanıwshılardıń ruwxıyatın úyrenbesten turıp, aldına qoyǵan maqsetine erise almaydı. Eger tárbiyashı oqıwshı ruwxıyatın úyrense, oǵan jekke me jekke tásir kórsetiw imkaniyatına iye bolaı.

**Huqıqtanıwshılar huqıqıy tárbiya metodların ádette eki túrge bóledi** – isendiriw hám májbúrlew. Huqıqıy tárbiya metodı – bul bir belgili jol hám usıllar jıyındısı bolıp, olar tiykarında adamlardıń sanasına, kózqaraslarına tásir qıladı. Bunıń nátiyjesinde tárbiyalanıwshılarda nızamǵa húrmet sezimi oyanadı hám nızamnıń buzılmaslıǵı táminlenedi.

Eń tiykarǵı metod – bul **isendiriw metoı**. Isendiriw arqalı unamlı nátiyjege erisilmese, májbúrlew metodı qollanıladı. Huqıqıy tárbiyada bul eki metodtı birge qollanıw da múmkin.

Huqıqıy tárbiyanıń nátiyjeliligi kóp tárepleme psixologiyalıq metodına da baylanıslı. Psixologiyalıq metod úsh bóólimge bólinedi: baqlaw – ishki hám sırtqı baqlaw; tájiriybe metodı – laboratoriyalarda; soraw hám sáwbet metodı – biografiya xızmeti hám basqa ózggesheliklerdi úyreniw.

Baqlaw metodı jámáátti hám basqa shaxstı huqıqıy tárbiyalawda qollanıladı. Jámáátke degen sırtqı baqlaw metodın, shaxsqa degen hámm sırtqı, hám ishki baqlaq metodların qollanıw múmkin. Máselen, mektep jámááátinde ayırım oqıwshılardıń tárbiyasızlıǵı, topalańshıllıǵı, qopal is-háreketleriniń aqıbetinde ásbap-úskeneni, oqıw quralları, esik-terezelerdiń sınıwı, mektepke zıyan keltiriwi múmkin. Bunday jaǵdaylarda sırtqı baqlaw metodına tiykarlanıp, huqıqıy tárbiyanıń baǵdarları anıqlanıp alınıwı múmkin.

Ishki baqlaw metodi tek individual huqıqıy tárbiyada qollanıladı. Oqıwshılardıń ishki keshirmelerin baqlap barıw, olardıń ruwxıy háreketlerine itibar beriw tárbiyashıǵa másláhát hám jol-jobalar mazmunın anıqlawǵa imkan jaratadı.

Tájiriybe metodı – jámáát, málim aymaqta tekseriwler ótkeriw, anıqlaw, izertlew átkeriw jolı menen qollanıladı. Bunda jámááttiń yaki ayırım shaxslardıń huqıqıy tárbiyalawdıń zárúr hám de nátiyjeli forms hám metodları ilimiy tiykarda anıqlanadı. Máselen, jámáátte huqıqıy tártip-intizamnıń buzılıwı sebeplerin, málim aymaqta tákirarlanıp atırǵan jınayıy háreket sebeplerin arnawlı usıllar arqalı úyreniw unamlı nátiyjeler beredi.

Tájiriybe metodın ámelge asırıw ushın tıńlawshılardı usı aymaqta jaylasqan sud organlarına alıp barıp, sud isin kóriw procesinde qatnastırıw, ol jerdegi is júritiliwi menen tanıstırıw, soń sabaq procesinde yaki sabaqtan tısqarı shınıǵıwlarda talqılaw, pándi ózlestiriwge járdem beredi.

Ótilgen temalardı keń túsinip alıw ushın tıńlawshılar menen ayırım sud procesine baylanıslı maqalalar, kinofilmlerdi talqılaw hám huqıqıy tárbiyanıń kóp qırlı, qızıqlı, keń ilajlardı anıqlawǵa járdem beredi.

Tábiyiy eksperimental metodı – ayırım shaxslardı huqıqıy tárbiyalawda qollanıladı. Máselen, aqılı zayıp ruwxıy keseller ózleri payda etken háreketleriniń huqıqıy aqıbetine qanday múnásibette bolǵanlıǵı anıqlanadı hám tárbiyalıq ilaj belgilenedi.

Soraw metodı– tek individual xarakterge iye bolsa, sáwbet metodı jámáátti huqıqıy tárbiyalawda qollanıwı múmkin. Soraw sorastırıw metodı, ásirese, huqıq-

tártip-intizam, nızam-qağıydanı buzıwshılarǵa degen, nızamshılıqtı bekkemlew maqsetinde kóriletuǵın tárbiyalıq ilajlardı belgilewde úlken áhmiyetke iye.

Sáwbet metodı jámááttiṅg huqıqıy halation úyreniwde olarǵa normativ aktlerdi úyreniw hám úgit-násiyatlawda júdá qolaylı bolıp keledi.

Shaxs rwxıyatı onıń sanansı menen barsbar qáliplesedi. Jámiyetlik sana jámiyette húkimdarlıq bolǵan ideyalar – siyasiy, filosofiyalıq, ádep-ikramlılıq, huqıqıy, estetik, diniy kózqaraslar sistemasınan quraladı.

Huqıqıy normalar da shaxstıń ruwxıyatınıń qáliplesiwinde unamlı áhmiyetke iye elementlerden bolıp tabıladı.

Huqıqıy tárbiya huqıqıy sananı qáliplestiriwdi óz aldına maqset qılıp qoyadı eken, eń dáslep, shaxslar ruwxıyatına tayanadı hám olardıń halatına tásir kórsetedi. Huqıqıy tárbiyanıń járdeminde shaxslar ruwxıyatında nızamlılıqqa ámel qılıwda tiykar jaratıladı, bul ortalıq ayırım shaxslardıń ruwxıyatın tuwrı jolǵa salıw negizine aylanadı.

Demek, **huqıqıy tárbiyanıń kúshi birinshi gezekte shaxslar ruwxıyatında** huqıqıy sananı tárbiyalawǵa qaratılıwı lazım. Individual ruwxıyat jámáát ruwxıyatı tásirinde hám onıń quramında rawajlanadı, yaǵnıy olar ajıralmas bir processti quraydı.

Jámiyetlik sanalı shaxs huqıqıy tárbiya maqsetin tez de ózlestirip aladı. Eger shaxs ruwxıyatında tártip buzıw keypiyatı jaylasqan hám tamır atqan bolsa, onı jámáát tárbiyalay almaydı, oǵan degen quramalı individual tárbiya ilajların kóriw zárúr bolıp qaladı.

Dógerek - átirap, waqıylı hám hádiyselerdiń adamnıń seziw organları arqalı sanada tikkeley sáwleleniwi tárbiyashınıń shaxs ruwxıyatındaǵı qabıl qılıw qábiletin esabına baylanıslı. Tárbiya metodı shaxstıń qabıl qılıw qábiletine sáykes kelmese, huqıqıy informaciya onıń sanasına tásir kórsetpeydi, huqıqıy túsinik sanaǵa jaylaspaydı. Máselen, kózi ázzi adamnıń qabıl qılıw qábileti kóriw menen emes, bálki pikirlew, seziw menen baylanıslı. Yaki quwnaq balaǵa tártip – qaǵıydanı teoriyalıq jaqtan túsindiriwden góre shoqlıq aqıbetlerin kórgizbeli qurallar, eksponatlar, texnikalıq qurallar jáременde kórsetilsa, ol huqıqıy

maǵlıwmattı qabıl qıladı, huqıqıy sananı tez de qáliplestiredi. Demek, huqıqıy tárbiya metodların tańlawda tárbiyashı shaxs ruwxıyatında qáliplesken qabıl qılıw qábiletin álbette itibarǵa alıwı kerek.

Gúzetiwsheńlik qábileti hámme de bir qıylı rawajlanbaydı. Gúzetiwsheń shaxslarda huqıqıy maǵlıwmattı qabıl qılıw tezlesedi. Olar jaslıqtan-aq dógerek-átirapqa adamlardıń is-háreketine izbe - izlikte itibar berip, olardı úyrenip alıwǵa umtıladı. Bul qábilettiń rawajlanıwı shaxstıń talantınıń ashılıwına járdem beredi. Tárbiyashı gúzetiwsheńvshaxsqa kóbirek itibar beriwi onı úyrenip atırǵan huqıqıy hújjet boyınsha soraw beriwge shaqırıwı kerek. Gúztiwsheń shaxslar járdeminde jámáátke huqıqıy maǵlıwmatlar tártipli hám izbe-iz túrde berip barılsa, onıń huqıqıy sanası da tárbiya maqsetine muwapıq ráwishte qáliplesedi. Máselen, topardaǵı ayırım oqıwshhılar yuridikalıq faktler talqısınıń islep beriliwin jaqsı kóredi. Sebebi olarda gúzetiwsheńlik qábileti jaqsı rawajlanǵan. Tárbiyashı ótilgen hújjet boyınsha bunday shaxslarǵa temaǵa baylanıslı yuridikalıq faktlerdi úyrenip keliwdi úyge tapsırma etip tapsırıwǵa háreket qıladı. Kelesi sabaqta bolsa onıń talqısın ámelge asırıwda unamlı nátiyjege erisedi.

Shaxstıń este saqlaw qábileti ham tárbiyashı ushın zárúr áhmiyetke iye.Este saqlaw procesi yadlaw, umıtpaw,qıyalında tiklew procesleri qáliplesedi. Tárbiyashı shaxstıń jasına, miynet iskerligine qarap, yadlaw procesine tayanıw kerek.

Huqıqıy maǵlıwmat, háreket quralları shaxstıń yadında saqlanıp qalıwı kóp waqıtta tárbiyashınıń sheberligine baylanıslı.

Oqıtıwshı huqıqıy maǵlıwmat beriwde didaktikalıq metodlardıń járdeminde shaxstıń pikirlew iskerligin jedellestiriwge erisiwi kerek. Eger shaxs kósretip atırǵan, eitip atırǵan dáwirde pikirlemese, yaǵnıy dıqqat qılmasa, onda nızamǵa degen túsinigi payda bolmaydı, demek, isenim tárbiyalanbaydı.

Málim bolǵanınday, tıńlawshılardıń pikirlew qábileti jámiyetlik sana dárejesi menen baylanıslı. Klasslarda bazıbir jaslar muǵallimge qarap otıradı da, lekin pikirleri basqa nársede boladı. Bunday jaǵday úlken jastaǵı tıńlawshlarda, ásirese, juwapker xızmetkerler de ushırasıp turadı. Bunıń eki sebebi bar, ya huqıqıy maǵlıwmat «janlı» shólkemlestirilmegen, yaki bayanatshı óz sózin tıńlawshılarǵa

jetkere almaǵan. Bunday jaǵdayda pedagog balalarǵa sezdirmey, itibarsız tıńlawshılarǵa tásir kórsetiwi kerek.

Huqıq ólshemlerin orınlay alıwdı tárbiyalawda biliw, oqıw hám ádet qábiletlerine tayanıw maqsetine erisiwdi ańsatlastıradı. Huqıq normaların, jańa nızam-qaǵıydalarsı orınlaw teoriyalıq kórsetpelerdi ámeliy xızmetkea kóshiriw. Nızamnıń kúshi bolsa oǵan ámel qılınıwda. Ásirese, nızamlılıq principlerine muwapıq toil hám iizbe-izlikte ámel qılıw shaxstıń biliw, oqıw, ádet sıyaqlı ruwxıyatlı qábiletleri menen tikkeley baylanıslı.

Nızam talabın orınlawdı biliw – onı qanday usıllarda ámelge asırıwdı úyrenip alıw. Xalıq xojalıǵı hám jámiyetlik mádeniy qurılısttıń hár bir tarawında xızmat qılıwshı adamlar óz tarawında paydalanatuuǵın tiyisli nızam-qaǵıydalardı, olardı orınlaw usılların úyrenip alıwı shárt.

Nızamdı orınlay biliw qábileti oqıw qábileti járdeminde jetilisedi, oqıw-shaxs iskerliginde quralǵan, avtomatik tákirarlanıwshı jumıs usılı bolıp tabıladı. Oqıw nızamnıń orınlanıwın ańsatlastıradı, waqıttı, materiallıq sarp qárejetin tejewge járdem beredi, shaxs iskerligin jetilistiredi. Oqıw procesinde Ózbekstan Respublikasında ǵárezsizlikke erisilgennen keyin qabıl qılınǵan 300 den artıq nızamlardıń qaysı biri sol shaxsqa tiyisliligin bilip, óz mashqalaların sheshiwde olardan paydalanıw múmkin. Bul hár bir shaxsıń huqıqıy sawatlılıǵın asıradı.

Nızamdı orınlawda huqıqıy ádettiń áhmiyeti úlken. Jámiyettiń rawajlanında nızam-qaǵıydalar ózgerip turadı. Eger shaxs nızamlardı úyrenip barsa, nızam talapların tolıq hám anıq orınlawǵa ádetlengen bolsa, onıń huqıqıy xızmeti nızamlılıq principlerine barqulla say keledi. Huqıqıy ádet háreketti ámelde tákirarlaw menen tárbiyalanadı. Sociallıq psixologiya páni jámááttiń jámiyetlik qatnası procesinde, onıń aǵzaları xızmetinde júzege keletuǵın sezim, pikir sıyaqlı xarakter belgilerin úyretedi. Islep shıǵarıw qatnasıqların rawajlandırıwda, mámleket, miyneet intizamın bekkemlewde, tapsırma hám rejelerdi óz waqtında sıpatlı orınlawdı shólkemlestiriwde sociallıq psixologiyanıń áhmiyeti úlken. Sociallıq psixologiya hám huqıq bir maqset jolında xızmet qılıwshı kategoriyalar bolıp tabıladı.

Málim bolǵanınday, jámáátte jámiyetlik qatnasıqlar júzege keledi. Oǵan jámááttiń hár bir aǵzası boysınıwǵa májbúr. Bul tártip-intizam, jámáát aǵzalarınıń birgeliktegi umtılısı, pikiirlewi, háreketine ádetleniwi, is kóriwi nátiyjesi bolıp tabıladı Jámáátte húkimlik súrgen jómiytlik ortalıq quramında huqıqıy ortalıq ta júzege keledi, ol hár bir jámáát aǵzasınıń huqıqıy normalarǵa bolǵan qatnasınıń jıyındısı bolıp tabıladı. Jámáátte quralǵan huqıqıy ortalıq ondaǵı qatnasıwshılarda nızam-qaǵıydalarǵa húrmet, huqıqıy qaǵıydalardı buzıwshılarǵa degen ǵázep oyatadı hám tuwrı jolǵa saladı.

Sociallıq psixologiya jáiyetlik ortalıqtı, sol ortalıqta bar bolǵan jámáát aǵzalarına tásir kórsetiwshi nızamlılıqlardı úyrenedi eken, ondaǵı huqıqıy ortalıqtı da úyrenedi. Demek, sociallıq psixologiya menen huqıqıy sana tıǵız baylanıslı. Huqıqıy normalardıń jámiyetlik turmısqa kirip barıwı, onıń aǵzalarınıń xızmetinde qollanıwı sociallıq psixologiya arqalı ótedi hám onıń menen baylanıslı halda qarar tabadı.

Mektep jámááti aldında qoyılǵan wazıypalardı ámelge asırıw procesinde jámáát aǵzalarınıń birgeliktegi hámme ushın májbúriy bolǵan jumıs forması hám metodlarıni islep shıǵıwı lazım. Bul jumıs metodlarında islep shıǵıw rejeleriniń texnologiyası, kárxananıń ishki nızamı hám basqa qaǵıydalar shaxs iskerligin tártipke salıw ólshemleri wazıypasın óteydi. Nátiyjede islep shıǵarıwshı kúshler hám qurallardı háreketlendiriwshi jámiyetlik ortalıq júzege keledi.

Jámááttiń sociallıq psixologiyası tárbiya ortalıǵına aylanadı. Ayırım jámáát áǵzaları, jańa jumısqa kelgenler miynet iskerligi procesinde hámmege ádet túsine kirip qalǵan sociallıq psixologiyaǵa dus keledi hám onıń tásirinde ulıwma principlerge boysınadı. Máselen, Respublikamızdıń ayırım mekteplerinde oqıw tárbiya, jámátlik shólkemlerdiń jumısları sonday jaqsı jolǵa qoyılǵan, bul mektepler aymaǵına kirgen adam ózin biyıqtıyar mektep ortalıǵına boysındırıwǵa háreket qıladı. Hámmejaq azada hám tártipli, adamǵa izzet – húrmet kórsetiw, onıń qálewine házirjuwaplılıq, miymandoslıq, háreket hám múnásibette intizam hám ádep saqlaw, imarat hám xanalardıń estetik kórinisi, jámiyetlik turmıstı sáwlelendiriwshi parasat penen islengen diagramma, panno hám kórgizbeler júdá

ájayıp. Hár bir oqıtıwshı mektep direktorınıń ornında juwap bere aladı, sebebi ol hámme islerden xabardar. «Adam óz tábiyatı boyınsha jámiyetlik hádiysedir», - deydi Birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov. Sol sebepli insan ushın reformalar procesinde óz imkaniyatlarınıń mazmunı hám maqsetleri haqqındaǵı túsiniklerin reformalastırıwdıń ámeliy nátiyjelerine qanshelli sáykes keliwi júdá úlken áhmiyetke iye. Mektep jámáátiniń bir tán bir jan bolıp is kóriwi sol jámáátte jaqsı at qalıwına sebep boladı.

Hár bir jámááttegi jámiyetlik psixologiya qánigelikke sáykes psixologiya bolıp tabbıladı. Ol tárbiya ortalıǵı sıpatında, eń dáslep, óz ózgesheligi tásirin ótkeredi hám shaxsta sol jámááttiń umtılısın tárbiyalaydı.

Watanımızdıń keleshegin búgingi jas áwlad qolına alıwında, tárbiya, tárbiya hám jáne de tárbiya eń áhmiyetli, ertengi táǵdirimizdi sheshiwshi mashqalaǵa aylanbaqta. Bul mashqalalardı shesjhiw procesinde bárshe muǵallimler, sonıń menen bir qatarda psixolog hám huqıqtanıwshılardıń birgelikte is kóriwi kerek.

### 1.3. I.Karimov miynetlerinde oqıwshılardı huqıqıy tárbiyalaw máseleleri

Biz ǵárezsizlikke erisken birinshi kúnlerden baslap elimizde insan, onıń ómiri hám máplerin joqarı qádiriyat dárejesine kóteriw, xalqımız ushın múnásip turmıs sharayatın jaratıw sıyaqlı joqarı maqsetti óz aldımızǵa tiykarǵı wazıypa qılıp qoydıq.

Áne sonday jaqsı maqsetke erisiw jolında búgin Watanımız qolǵa kiritip atırǵan úlken tabıs hám shoqqılar dúnyanıń uzaq hám jaqın mámleketlerinde keń moyınlanıp atırǵanı xalqımızǵa, bárshemizdiń isenimimiz hám tayanıshımız bolǵan jaslarımızǵa úlken maqtanısh bolmaqta.

Jas áwladımızdıń aqıl-zeyini, qábileti hám talantın júzege shıǵarıw, olardı salamat hám náwqıran etip tárbiyalawǵa qaratılǵan ámeliy is-háreketlerimizdiń jáne bir jarqın kórinisi sıpatında jurtımızda qáliplesken.

Mámleketimizdiń Birinshi Prezidentiniń "Ózbekstan ǵárezsizlikke erisiw bosaǵasında" kitabında milliy ǵárezsizlikke erisiw demokratiyalıq mámleket qurıw jolında uzaqtı gózlep alıp barılǵan xalıwshıl siyasattıń tariyxıy tamırları keń ashıp berilgen. Ǵárezsizlik óz-ózinen, ańsatlıq penen qolǵa kiritilmegeni awqam sistemasına tán eskishe jantasıwlardan waz keship, jańa ideyalar hám turmıslıq principler tiykarında is júritilgeni tiykarǵı dáliller jarqın mısallar jórdeminde sáwlelengen.

"Ózbekstan ǵárezsizlikke erisiw bosaǵasında" kitabı xalqımızdıń óz negizgi tamırlarına qaytıp, óz tágdirin ózi belgilew huqıqına iye bolıwı ańsat keshpegeni, azatlıq, búgingi tınısh-tatıw turmıs óz-ózinen kelmegeni, kerisinshe, Birinshi Prezidentimiz Islam Karimovtıń ǵárezsizlikke erisiw barısında hám onnan keyingi dáslepki aylarda alıp barǵan qatań, káterińki hám kóp qırlı siyasiy-jámiyetlik xızmeti sebepli milliy ǵárezsizlikke eriskenimiz haqqındaǵı haqıyqattı anıq dáliller hám turmıslıq mısallar járdeminde keleshek awladlarǵa jetkeriwde áhmiyetli derek bolıp xızmet qıladı.

Atap aytqanda, Birinshi Prezidentimiz búgingi kúndegi eń áhmiyetli wazıypalarımız haqqında ayrıqsha toqtalıp ótken.

Eń dáslep, dúnyada, uzaq-jaqın aymaqlarda júz berip atırǵan waqıya-hádiyselerge biyparwa bolmastan, basqalardıń dártin ózimizge jaqın alıp, barqulla sergek hám tetik bolıp, xalıq hám Watan táǵdirine baylanıslı tuyǵısı menen jasawımız zárúr.

Birinshi Prezidentimiz "Ózbekstan ǵárezsizlikke erisiw bosaǵasında" kitabında jaslar tárbiyası haqqında; "biz, jaslardıń mashqalalarına kóbirek itibar beriwimiz kerek. Házir respublikamizdaǵı jaslardıń háreketiniń awhalı, ásirese, táshwish tuwdırmaqta. Biz bul háreketke komsomolımız basshılıq qılıwdı qáler edik, lekin ókinish penen sonı aytıwǵa májbúrmiz, komsomol hár tárepleme jetekshilik poziciyasınan máhrum bolıp qalmaqta. Kóplegen komsomol xızmetkerleri byurokratiyalıq tosıqlar arqasında qalıp ketken, qaǵazpazlıq penen shuǵıllanbaqta, orınlardaǵı awhaldı durıs bilmeydi. Hesh qashan, hesh qaerde boslıq bolmaydı. Biz bolmaǵan jerde biziń ornımızǵa jaslar hám xalıq penen basqalar shuǵıllanadı. Bunı umıtpawımık kerek.

Jaslarımızdı biyganalardıń qolına óz ıqtıyarımız benen tapsırmawımız kerek. Jaslar ushın, olar shın insan, óz diyarınıń, óz mámleketiniń shın mánisindegi watanparwarları bolıp ósiwi ushın belsene gúresiwimiz lazım.

Búgingi keskin hám quramalı jaǵdaydan tiyisli juwmaqlar shıǵarıp alıw kerek. Avangard bola alatuǵın jaslardıń siyasiy shólkemin qaytadan tiklew zárúr, jaslardıń mayda-shúyde islerine aralasıwdan doslarsha birge islesiwge ótiw dárkar. Hámmemiz jaslar arasındaǵı jaǵdaydı úyreniwimiz hám biliwimiz, olardıń ortasındaǵı shın mánisindegi jetekshilerdi tayarlawımız, jámiyetlik mashqalalardı sheshiwde, shın mánisindegi watansúyiwshi hám internacionalshıl insanlardı tayarlawda olarǵa járdem beriwimiz lazım"[1], - dep kúyinip ótap ótedi.

Sonıń menen birge Birinshi Prezidentimiz jas áwladtıń tárbiyasında zıyalılardıń ornı haqqında; "Jas áwlad tárbiyası haqqında sóz etkende zıyalılarımızdıń ornı ayrıqsha ekenligin itibarǵa alıw kerek. Qaysı basshı, qaysı hámeldar óz abırayın tókpekshi bolsa, ol zıyalılar menen arasın buzadı. Tariyxtn da, házirgi kúnlerde de buǵan mısal kóp. Úlken-kishi bárshe hámeldarlar kózlerin

---

[1] Karimov. I.A. O'zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. Toshkent. "O'zbekiston". 2012. 41-bet

úlkenirek ashıp, zıyalı zatına itibar menen qarawdı ózine mártebe dep biliwi kerek. Hámmege belgili: bazıbir awızı shiyrin sózlilik, qollap-quwatlaw dóretiwshini júdá úlken islerge ilhamlandırıwı múmkin.

Jaslardı zamanagáy ilim-texnikanıń, ulıwma, ilim-pánniń tabıslarınan quwanıp ǵana qalmastan turıp, olarǵa joqarı tájiriybeli qánige iyeleri bolıp jetisiwge sharayat tuwdırmay turıp, biz respublika xalıq xojalıǵın, sanaat, islep shıǵarıw tarawların túpkilikli ózgerte almaymız. Bunı da barqulla yadta tutıw kerek. Sebebi jumıssızlıq, aylıqtıń azlıǵı, qánigelerdiń jetispewshiligi hám basqa kóplegen jetispewshilikler áne sonnan, dep oylayman. Bul ketiste biz ushın jurtımızdı social-ekonomikalıq hám milliy rawajlandırıw sıyaqlı áhmiyetli wazıypanı tezırek ámelge asırııw júdá qıyın boladı. Demek, xalıq saylap qoyǵan deputatlardıń birinshi gezektegi wazıypalarınan biri – jaslarımız tárbiyası milliy siyasattıń, háreket dástúrin islep shıǵıw máselesi bolıp tabıladı. Buǵan xalıq aǵartıshıwshılıq sistemasın túpkilikli ózgertiw, balalar baqshaları, mektepler, óner-texnika bilim jurtları, texnikumlar, joqarı oqıw orınlarınıń materiallıq texnikalıq bazasın bekkemlew, aranwlı mektep-internatlardı kóbeytiw sıyaqlı kóplegen quramalı wazıypalar kiredi. Jaslardıń tárbiyası menen tikkeley bánt bolǵan, óz ómirin sol muqaddes iske baǵıshlaǵan oqıtıwshılarımızǵa itibar haqqında bolsa aytıp otırmasa da boladı, dep oylayman. Biz ele olarǵa shın mánisindegi ǵamxolıq kórsetip atırǵanımız joq. Bul máseleni de tereń oylaw kerek.

Jáne bir nárseni biz hesh qashan esimizden shıǵarmaslıǵımız lazım: talantlı jaslarǵa sharayat jaratıw. Jaqında biz mámlekerimizdiń eń jaqsı bilim oraylarına doktoranturaǵa oqıwǵa jiberilip atırǵan jaslardıń birinshi toparı menen ushırasıw ótkerdik. Bul is ushın hár qanday qárejet, hátte valyuta da ayamaslıǵımıdı ayttıq.

Jáne bir awız sóz jaslarımızdıń áskeriy xızmetti ótewi haqqında. Respublikamız wálayatları atqarıw komitetleri kóplegen áskeriy okrugler menen shártnamalar dúzip, sola jerlerde xızmet qılıp atırǵan perzentlerimizdiń turmısınan xabardar bolıp turıw, olarǵa jeterli sharayatlar jaratıw is-ilajların kórmekte.

Bul tarawdaǵı eń áhmiyetli máselelerden ján biri – qurılıs batalyonlarında xızmet qılıp atırǵan jaslarımızdıń awırın jeńil qılıw. Ol jerlerde intizam, siyasiy –

tárbiyalıq isler júdá tómen dárejede ekenligin bilemiz. Biziń talqılaw ushın usınısımız sonday: eger qurılıs batalyonlarında xızmet qılıw kerek bolsa, ózimizde, júdá bolmasa, Orta Aziya aymaǵında da qurılıs kóp. Balalarımız sol jerde xızmet qılsın.

Bunday qarar ata-analardıń talabına juwap beredi, dep oylayman",- dep, bul áhmiyetli máselege úlken itibar qaratıp ótken.

"Ózbekstan ǵárezsizlikke erisiw bosaǵasında" kitabı xalqımızdıń óz negizgi tamırlarına qaytıp, óz tágdirin ózi belgilew huqıwına iye bo'lıwı ańsat keshpegeni, azatlıq, búgingi tınıs-tatıw ómir óz-ózinen kelmegenin, kerisinshe, Birinshi Prezidentimiz Islam Karimovtıń ǵárezsizlikke erisiw payıtına hám onnan keyingi dáslepki aylarda alıp barǵan qatań, kóterińki hám kóp qırlı siyasiy-jámiyetlik xızmeti sebepli milliy ǵárezsizlikke eriskenimiz haqqındaǵı haqıyqattı anıq dálil hám turmıslıq mısallar járdeminde keleshek áwladlarǵa jetkeriwde áhmiyetli derek bolıp xızmet qıladı.

## 2. BAP. Oqıwshılarǵa huqıqıy tárbiya beriwde mektep, shańaraq hám jámáátshiliktiń birge islesiwi

### 2.1. Oqıwshılardı huqıqıy tárbiyalawda mámleket, jámiyet hám shaxs qatnasıqları.

“Jańa Ózbekstan – mektep bosagasınan, talim-tárbiya sistemasınan baslanadı”,-degen ideya tiykarında keń kólemli reformalar ámelge asırıladı. **Birinshiden,** jas áwlad baqsha, mektep hám joqarı ilim dárgayı sıpatlı tálim-tárbiya beriwdi jolǵa qoyamız, olar fizikalıq hám mánawiy salamat, watanparwar insanlar bolıp ulǵayıwı ushın barlıq kúsh hám imkaniyatlardı jaratıp beremiz.

**Ekinshiden,** jaslardı zamanagóy bilim hám tájiriybeler, milliy hám ulıóaadamzatlıq qádiriyatlar tiykarında ózbetinshe hám logikalıq pikirleytuǵın, jaqsı pazıyletler iyesi bolǵan insanlar etip erjetedi.

**Úshinshiden,** ul-qızlarımızdı miynet bazarında talap joqarı bolǵan zamanagóy kásip-ónerlerge úyretiw, olarda isbilermenlik kónlikpelerin hám miynetsúyiwshilik pazıyletlerin qáliplestiriw hám de baslamalardı júzege shıǵarıw,jumıs hám úy-jay menen táminlewge baslı hmiyet qaratamız. Bala tuwılǵanınan baslap, 30 jasqa shekemgi bolǵan dáwirde onı hár tárepleme qollap-quwatlaytuǵın, ómirde múnásip ornın tabıw ushńn kómek beretuǵın pútin hám úzliksiz sistema ajaratıladı.[2]. – dedi Prezident Shavkat Mirziyoev Oliy Májliske hám Ózbekstan xalqına múrájaatnamasında.

Insan huqıqların qorǵawǵa qaratılǵan nızamlardıń hám mekemelerdiń júzege keliwi, insan máplerine itibar, jáhán huqıqıy úskenelerin milliy úrp-ádetlerdiń uyǵınlıǵında qáliplesip baratırǵanlıǵı ǵárezsiz Ózbekstanda ádalat principleri saltanat qılıp baratırǵanlıǵınıń belgisi bolıp tabıladı.

Huqıqıy tárbiya-tálim-tárbiyanıń negizgi quram bóleklerinen biri bolıp, ádalatlı puqaralıq jámiyeti qurılısı sharayatında jáne de júdá áhmiyetli orın iyelemekte.

Huqıqıy tárbiyanı beriw bolsa hár bir oqıtıwshınıń aldında da áhmiyetli wazıypalardı qoyadı. Oqıwshı-jaslarda joqarı puqaralıq sezim-tuyǵılaridı sıpat hám

[2] https://www.norma.uz/uz/bizning_sharhlar/eshlarni_qullab-quvvatlash_va_aholi_salomatligini_mustahkamlash_yili

qásiyetlerden quralıwında tálim-tárbiya birligi áhmiyetliligin oqıtıwshılardıń biliwi kerek. Hár bir pedagog tálim menen tárbiya beriwge qatań itibar qaratıwı lazım. Bunda mektepte oqıtılatuǵın pánlerdi ózine tán áhmiyeti hám imkaniyatları bar. Áne sol imkaniyatlardan óz ornında tuwrı paydalanıw oqıtıwshınıń bilim, tájiriybe hám sheberligine, izlenisine baylanıslı. Házirde mektep baǵdarlamalarında bar bolǵan "Tariyx", "Mámleket hám huqıq tiykarları", "Insan hám jámiyet", "Konstituciya tiykarları", "Tárbiya" sabaqların oqıtıw procesinde oqıwshılarǵa huqıqıy tárbiyaǵa baylanıslı bilimler berip barılmaqta.

Belgilengen rejelerdi ámelge asırıwda hár túrli tarbiyalıq ilajlar: "Nızam hámmemiz ushın májbúriy", "Mámleketimiz nıshanları", "Parız hám hújdan", "Nızam hám biz", "Turmıs nızam menen gózzal", "Men azat jurt perzentimen" sıyaqlı temalarda jıynalıslar, kesheler kórinislerdi shólkemlestiriw, huqıq-tártip intizam organları hám de áskeriy bólinbeler menen barqulla baylanıslardı ornatıw, olar járdeminde «Jas pasbanlar", "Miliciyanıń jas dosları" toparların dúziw sıyaqlılardan da keń paydalanıw múmkin.

Házirgi dáwirde balalar hám óspirimler ortasında alıp barılıp atırǵan tárbiyalıq islerdoń jańa formaları qollanılmaqta. Jaslar ortasında huqıqıy tárbiya islerin shólkemlestiriw hám payda etilip atırǵan huqıqbuzarlıqardıń aldın alıw barısında pedagoglar xızmetin jáne de kúsheytiw ushın tómendegi ámeliy islerdi ámelge asırıw kerek:

1. Ulıwma bilim beriw mektepelrinde huqıqıy bilimlerdi násiyatlaytuǵın xanalardı shólkemlestiriw.

2. Bilim dárgaylarınıń sud, prokratura, advokatura, birinshi náwbette bolsa erjetpegenler inspektsiyası hám erjetpegenler isleri menen shuǵıllanıwshı komissiyalar menen baylanıslardı bekkemlew.

3. Turaqlı úrde jańa tájiriybelerdi úyreniw, ulıwmalastırıw hám olardı ómirge keń engiziw. Toplanǵan ilimiy bilimlerden pedagogikalıq tájiriybelerde paydalanıw, ósip kiyatırǵan jas áwladqa mámleketimiz nızmalrına turaqlı ámel qılıw kónlikpelerin sińdiriw. Bulardıń barlıq huqıqıy tárbiyanıń nátiyjeli ámelge asırıwdıń áhmiyeyli faktorı.

Tárbiya procesinde tárbiyashı shaxstı qáliplestiredi eken, pedagogika aldınnan jańa áwlad adamın-náwqıran insandı erjettire alıw qábilietine iye bolıwı kerek. Demek, pedagogikalıq texnologiyalarǵa tayanılǵan halda oqıwshılarǵa jámiyetlik ádalat haqqındaǵı túsiniklerin qáliplestiriw, jámiyetke zárúr bolǵan kámil insan shaxsın tárbiyalaw hár tárepleme tárbiyalıq hám de wazıypalar sistemasın islep shıǵıwdı, onıń metodların qadaǵalawdı talap etedi. Kórip turǵanımızday, pedagogikalıq texnologiya eki túrli taraw: texnikalıq pánlerge-tálim sistemasın jetilistiriw ushın zárúr bolǵan oqıw quralları menen táminlewdi názerde tutsa, gumanitar tarawda – yaǵnıy pedagogikada tálim hám tárbiyalıq maqsetlerdi aldınnan aydınlastırıwdı talap etedi.

Tuwrı is-háreketlerde ámeliy tájiriybeni shólkemlestiriw shaxstı tárbiyalawda áhmiyetli hám tiykarǵı faktor bolıp tabıladı. Tárbiyashı oqıwshılarda is-hárekettiń sonday forma hám metodların quralıwı kerek, bul forma hám metodlarda tárbiyanıń sheshiwshi tásiri astında jaslardıń júzege keletuǵın isenimleri ámelge assın. Is – háreketlerdiń aytıp ótilgen formaları motivlerdi, tárbiyalanıwshınıń zárúrligi hám qatnasların "materiallastırıw" kórinisi, quralı, formasına aylanıp qalǵanda ǵana turaqlı faktor bolıp bekkemlenedi.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Erjetpegenler isi menen shuǵıllanıwshı komissiyalardıń xızmetin jetilistiriw haqqında"ǵı qararında erjetpegenler huqıqbuzarlıqlardıń aldın alıw, jınayatshılıq hám jámiyette payda etiletuǵın basqa unamsız is-háreketlerge qarsı gúresti kúsheytiwge qaratılǵan anıq ilajlardı belgilep berilgen. Olardı ámelge asırıwda huqıqtı qorǵawshı organlar ásirese, ishki isler mekemeleriniń xızmeti áhmiyetli orın tutadı.

Házirgi kúnde profilaktika inspektorlarınıń erjetpegenler huqıqbuzarlıqlarınıń jekke tártipegi profilaktikası shańaraq hám tálim orınları menen birge islesiwiniń mánisi, erjetpegenlerdiń huqıqbuzarlıqlarınıń sebepleri hám buǵan imkan jaratqan shárt-sharayatlar, huqıqbuzarlıqlar payda etken erjetpegenler shaxstıń kriminologiyalıq izertlewdi teoriyalıq, olardıń jekke tártipte aldın alıwdı bolsa shólkemlestiriwshilik-huqıqıy táminlewdi jáne de jetilistiriw zárúrligi júzege kelmekte.

Búgingi kúnde erjetpegenler huqıqbuzarlıqlarınıń jańadan - jańa kórinislerin hám de olardı keltirip shıǵarıwshı sebep hám sharoitlarni vujudga kelayotganligi va bu boradagi hamkorlik barcha joylarda ham tuwrı jolǵa qoyılmaqanlıǵı:

– erjetpegenler huqıqbuzarlıqlardıń aldın alıw subyektleriniń shańaraq hám tálim orınları menen birgelikte islesiwin táminlewshi hámde shólkemlestiriw tiykarların belgilewshi metodikalıq qollanbalardıń jeterli dárejede emesligi;

– erjetpegenler huqıqbuzarlıqlarınıń jekke tártiptegi profilaktikasın shólkemlestiriw boyınsha huqıqtı qorǵaw organlarınıń ortasındaǵı ózara hám de olardıń shańaraq hám oqıw orınları menen birge islesiwin shólkemlestiriw tarawında mashqalalardıń bar ekenligi hám sheshilmegenligi;

– jınayat islegen yaki buǵan meyil bolǵan erjetpegenler, perzentiniń tárbiyasıma unamsız tásir etip atırǵan ata-analar, olardıń ornın basıwshı shaxslar ústinen nátiyjeli jámiyetlik-huqıqıy qadaǵalawdı jolǵa qoyıw hám úzliksiz jetilistirip barıw maqsetinde, usı hádiyseler hám olar menen baylanıslı processlerdiń kelesidegi kórinisleri hám de baǵdarların boljaw zárúrligi hám t.b.

Kriminologiyada jınayatlardıń aldın alıw degende jınayat hám basqa huqıqbuzarlıqlar júz beriliwine imkan jaratıwshı sebepler hám faktorlardı saplastırıw yaki olardı neytrallastırıwǵa qaratılǵan mámleket hám jámiyet is-ilajları mazmundı túsiniw ádet túsin alǵan. Kóplegene kriminologlar jınayat hám basqa huqıqbuzarlıqlardıń ulıwma hám arnawlı profilaktikasın parqlaydı, sonday-aq kriminologiyalıq profilaktikanıń túrli wazıypaları hám dárejelerin jazadı.

Ótkerilgen izertlewlerdiń kópshiligi erjetpegen jınayatshılar shaxstıń sqáliplesiwi jolındaǵı birinshi basqısh shaxs tárbiyasınıń awırlıǵı esaplanıwın kórsetedi.

Házirgi waqıtta erjetpegenlerdiń jınayatshılıǵı haqqına salmaqlı statistikalıq material toplanǵan, onı talqılaw metodikası, tiykarınan islep shıǵılǵan. Bulardıń bárshesi erjetpegenler jınayatshılıǵınıń halatın, onıń muǵdar hám sıpat (quramı hám basqa) ózgerislerdi anıq bahalaw imkanın beredi.

## 2.2. “Mámleket hám huqıq tiykarları” pánin oqıtıwda interaktiv usıllardan paydalanıw

“Mámleket hám huqıq tiykarları” pánin oqıtıwda didaktikalıq process basqıshların belgili izbe-izlikte qurıw talabalardıń biliw iskerligin tema boyınsha belgilengen maqsetke saykes túrde tańlaǵan oqıtıw usıllarınıń járdeminde shólkemlestiriw demekdir. Oqıtıw metodları óz mánisi hám mazmunına muwapıq, málim pedagogikalıq teoriyaǵa tiykarlanǵan hám de belgili sıpatlamaǵa iye boladı. Onıń nátiyjeliligi haqqında pikir júritilgende oqıtıw procesin izge salıp, onı maqsetli baǵdarlandıra alatuǵın, oqıtıwshı hám talabanıń ózara xızmetin táminlew tiykarında mektep aldına qoyılatuǵın maqsetke qanshelli erisilip atırǵanın knázerde tutıw kerek. Sonıń menen birge, oqıtıw metodları tikkeley tálim ámeliyatı menen baylanıslı koncepciya bolıp tabıladı Oqıtıw metodı pedagogtıń sanasında dáslep iskerliginiń ulıwmalasqan joybarı tárizinde bar boladı. Bul joybar ámeliyatqa oqıtıwshı hám talaba xızmetiniń ózara tutasıwı procesinde, oqıtıw hám oqıwdıń anıq háreketler, ámeller yaki usıllar jıynaǵı sıpatınd engiziledi. Metodlardıń basqa kórinisi, formları joq, sebebi ulıwma halda oqıw metodı xızmetiniń didaktikalıq modelin ózinde sáwlelendiredi. Pedagogikalıq basılımlarda oqıtıw metodların aktiv hám passiv toparlarǵa ajıratıw bar. Eger hár bir metod belgilengen belgili bir maqsetti sheshiwde óz ornında qollanılsa, gúmansız, aktiv bolıp tabıladı. Pedagogikalıq texnologiyalar hám talabalardıń aktivliginiń joqarı dárejesin táminlew tiykarında aldınnan belgilengen maqsetke erisiwge qaratıladı. Sol sebepli bul bólimde pedagogikalıq ámeliyat ushın biytanıs bolǵan shet el didaktikasına baylanıslı metodlar haqqında pikir júritiledi.

Amerikanıń “Street law” (kóshe nızamı) dástúri búgingi kúnde kóplegen mámleketleri tárepinen ”tutqın”ǵa alınǵan hám tálim procesine ornalasıp qalıp atır. Buǵan sebep baǵdarlamadan orın alǵan júzlegen oqıtıw metodlarınıń aktivligi, ózine tartıwshılıǵı hám tásirsheńligi bolıp otır. Olar járdeminde oqıwshılar óz pikirlerin erkin sáwlelelndiriw, maǵlıwmatlardı sın kózqarastan qabıl qılıw, jámáátte islew, óz abırayın bekkemlew, pikirlerdi qorǵaw, haq-huqıqların ańlap jetiw sıyaqlı imkaniyatlarǵa tez de iye boladı. Oqıtıwshı bolsa didaktikalıq

processte bul metodlardan aqıl menen paydalanıwı, tema boyınsha oqıw elementlerdiń quramalasıwı hám waqıt múddetine qarap ózlestiriwi lazım. Tómendei “Street law” dástúrindegi bazıbir metodlar menen tanısasız.

**Klaster (maǵlıwmattı jazıw) usılı**

Bul usıldıń tiykarǵı wazıypası úyrenilip atırǵan obyekt talabalar xızmetin pedagogikalıq waqıyalıqtı bólimlerge ajıratqan halda ózlestiriwge baǵdarlandırılǵan onda kóp variantlılıq tiykarında túsinik hám de hádiyselerdiń ózara ishki hám sırtqı baylanısların anıqlaw kónlikpelerin qáliplestiredi, tema boyınsha pikir usınıslrdı erkinlestiriwge járdem beredi.

Tema boyınsha klasterlerdi dúziw oqıw maqsetine qarap basqıshpa basqısh háreketleniwin talap etedi, aqır aqıbetinde juwmaqlawshı nátiyje jańa bilimlerdi ózlestiriw pikirlerdiń hár túrliligin ulıwmalastırıw tiykarında qolǵa kiritiledi.

Klaster usılınan paydalanıw ushın talabalardı kishi toparlarǵa ajıratıw talap etiledi. Hár bir toparda temaǵa baylanıslı óz aldına oqıw elementleri tańlanadı. Bunıń ushın auditoriyada sabaqlıq, oqıw qollanbaları, lekciya tekstleri hám basqa maǵlıwmat derekleri bolıwı lazım. Oqıtıwshı óz aldına oqıw elementlerin ózlestiriwi ushın 15-20 minut waqıt ajıratadı.

Klaster dúziw basqıshları :

1.Auditoriya jazıw taxtasına kishi toparlar sanın qarap vatman
qıstırıladı hám tayanısh sózler oqıtıwshı tárepinen jazıladı.

2. Tema boyınsha oqıw elementlerine tiyisli pikirler nızam, fakt, tezis, hádiyse, process, nátiyje anıqlıq penen sáwlelengen halda qaǵazǵa jazıladı.

3. Tiykarǵı túsinik hám ideyalar ortasındaǵı baylanıslılıq sızılmada kórsetiledi.

4. Kishi toparlardaǵı barlıq talabalar 3-5 óz variantların qaǵazǵa jazadı.

. Pikirle shejiresi ulıwmaıadtırıladı hám juwmaqlawshı sheshimler jazıladı.

6. Oqıtıwshı talabalardıń xızmetin qadaǵalaydı hám obyektiv bahalaydı.

Mısal ushın B.Blumnıń “Oqıw maqseti taksonomiyası” teması boyınsha klaster dúziw izbe-izligin keltiremiz:

1. Blum taksonomiyası anıqlanǵan oqıw xızmeti tarawları (ÓE№ 1)

-kognitivli (biliw) tarawı;

- affektiv (sezimtallı-qádiriyatlı) tarawı;

-psixomotorlı tarawı.

2. Blum taksonomiyasın dúziwde tayanılatuǵın principler (ÓE № 2):

-ámeliy; psixologiyalıq; logikalıq; obyektivlik.

3. Kognitiv taraw boyınsha oqıw maqsetleri taksonomiyası (ÓE № 3):

-biliw; ańlaw; qollanıw; talqılaw; sintezlew; bahalaw.

Bul mısalda úsh tayanısh sóz keltiriledi, olar, óz náwbetinde, tiyisli oqıw elementlerin qamtıp alıwı talabalar tárepinen anıqlanadı. Hár bir oqıw elementine baylanıslı túsinikler mazmunıınan izbe-izlik saqlanǵan halda vatman qaǵazǵa jazıladı hám pikirler "jıyındısı" sızılması jaratıladı.

**Sinkveyn (maǵlıwmattı jıynaw ) usılı**

Metodtı qollanıw procesinde talabalardaǵı tarqaq naǵlıwmatlı processler óste-aqırın basqaıspa-basqısh baǵdarlandırılǵan maǵlıwmatlı processke aylandırılıp barıladı. Yaǵnıy, úyrenilmegen bilimler temanı úyreniw dawamında úyreniledi, belgili bir obyektiv waqıyalıq haqqında pútin pikirge keledi. Bunıń ushın talabalarda bes imkaniyat bar boladı. Yaǵnıy sinkveyn bes qatardan ibarat ózine tán "aq qosıq" (uyqassız) bolıp, uyrenilip atırǵan temaǵa baylanıslı túsinikler (hádiyse, process, waqıya) qatań izbe-izlikte jazıp shıǵıladı. Sikveyn arqalı talabalar óz pikirlerin toplaw, olardı ıqsham sáwlelendiriw, túrli pikirlerdi sintezlew hám tema boyınsha tuwrı juwmaqalardı jetilistiriwdi úyrenedi.

Sinkveyn dúziw tártibi:

1. Birinshi qatarda temaǵa baylanıslı baslı ideya (tayanısh túsinik) bir sóz (atlıq) benen sáwlelenedi.

2. Ekinshi qatarda temaǵa baylanıslı túsinikler (tayanısh túsinik) eki sóz (kelbetlik) benen beriledi.

3. Úshinshi qatarda temaǵa baylnıslı túsinikler (processler) úsh sóz benen bayan qılınadı.

4. Tórtinshi qatarda temaǵa baylanıslı pikir (teoriya, fakt) -ler tórt sózden ibarat bolıwı lazım.

5. Sońǵı qatarda tema mánisin aydınlastıratuǵın (yaki mánisi jaǵınan jaqın bolǵan) bir sóz jazıladı.

Ádette, sinkveyn tema boyınsha bir mashqalalı jaǵdaydı sheshiw yaki ayrıqsha oqıw elementlerin quramalastırıwda talabanıń oylawın tereńlestiriw ushın dúziledi. Eger birinshi qatardaǵı tema sóz shaqabı– atlıq arqalı sáwlelendirilse, ekinshi qatarda tapsırmanıń áhmiyetli tárepin belgilewshi bir jup kelbetlikti talabalar oylawı, kóp variantlı juwaplardan eń kereklisin alıwı lazım boladı. Keyingi qatarlarǵa jazılatuǵın juwap sózler de talabanıń tezlik penen pikirlewi nátiyjesinde tabılıp, gózlengen maqset –juwmaqlawshı nátiyjege erisiledi.

**"Aqılıy hújim" usılı**

Sabaq procesinde "Aqılıy hújim"nen maqsetli paydalanıw unamlı, oylawdı rawajlandırıw deregi bolıp esaplanadı. "Aqılıy hújım"di shólkemlestiriw ápiwayı bolıp, onnan tálim mazmunın ózgertiw procesinde, islep shıǵarıw mashqalaları sheshimin tabıwda da paydalanıw múmkin. Dáslep topar jıynalıp, olardıń aldına mashqala qoyıladı. Bul mashqala sheshimi haqqında qatnasıwshılar óz pikirlerin bildiredi. Bul basqıshta hesh kimniń ideyasına "hújim" qılıwı yaki bahalawına haqısı joq.

Demek, "Aqılıy hújim"de qısqa waqıtta onlaǵan ideyalardıń júzege shıǵıw imkaniyatları bar boladı. Negizinde, iideyalar sanı maqset emes, olar mashqala sheshimi ushın ǵana tiykar boladı. Bul metod shártlerinen biri qatnasıwshılardıń hár biri sırtqı tásirsiz aktiv qatnasıwshı bolıwı kerek. Solay etip, "Aqılıy hújim" qaǵıydaların tómendegishe belgilew múmkin:

- Ilgeri súrilgen ideyalar bahalanbaydı hám sınǵa alınbaydı.
- -is sıpatına emes, juwmaǵına qaratıladı, ideyalar qanshelli kóp bolsa sonshelli jaqsı.
- qálegen ideyanı múmkin bolǵanınsha quramalstırıw hám rawajlandırıw múmkin.
- mashqala sheshiminen ideyalar da qollap-quwatlanadı.
- bárshe ideyalardıń tiykarǵı temaları (oyalawı) jazıp alınadı.
- "hújim" waqtı anıqlanadı hám oǵan ámel qılınıwı shárt.

– -sorawlarǵa qısqasha (tiykarlanbaǵan) juwaplar beriw názerde tutıladı.

**Wazıypası**. "Aqılıy hújim" qıyın jaǵdaydan qutılıw ilajların tabıwǵa, mashqalanıń shegarasın keńeytiwge, pikirlerdiń kóp túrliligine erisiwge hám oylaw sheńberin keńeytiwge imkan beredi. Eń tiykarǵısı, mashqalanı sheshiw procesinde unamlı birge islesiwi kúsheyip, topar (auditoriya) jáne de tıǵızlasadı.

**Obyekti**. Qollanıw maqsetine muwapıq, bul metod universal esaplanıp, izertlew islerinde (jańa mashqalanı sheshiwge imkan jaratadı), oqıtıw procesinde (oqıw materialların tezlik penen ózlestiriwge qaratıladı), pikirdi bekkemlewde (óz-ózin basqarıw tiykarında aktiv pikirlewdi qáliplestiredi) kerek boladı.

Qollanıw usılı. "Aqılıy hújim" qatnasıwshıarı mashqala boyınsha pikir – usınıslardı bildiriwi múmkin. Aytılǵan pikirler jazıp alımadı. Metod nátiyjesi pikirlerdiń hár túrliligi menen sıpatlanadı hám olar sınǵa alınbaydı, qaytadan sáwlelenbeydi. "Aqılıy hújim" tamamlanǵannan soń, eń jaqsı usınıslar birlesip, mashqalanı sheshiw ushın zárúrleri tańlanadı.

## "Ajurlı jarǵı" usılı

"Ajurlı jarǵı" metodı dúzilisi boyınsha tómendegilerdi óz ishine aladı:

1. Tapsırmanı bóliw: tapsırma hám tekstli materiallar bir neshe tiykarǵı bólimlerge (temalarǵa) bóledi.
2. Birlemshi toparlar: topar aǵzaları temanı alsan soń, ekspert esaplanadı.
3. Ekspert toparları: temaǵa baylanıslı oqıw tspsırmaları bolǵan talabalar onı talqılaw, orınlaw ushın ekspert toparǵa birlesedi.
4. Birlemshi toparlar: talabalar óz birlemshi toparlarına qaytadı hám ekspert toparlarda úyrengenlerin oqıtadı.

## «Menyu» usılı.

Jeke tártipte yaki kishi toparlar menen islesiwdi qálegen oqıtıwshıǵa "Menyu" metodınan paydalanıw usınıs etiledi. Bunnan kishi topar (talaba)ǵa anıq tapsırma beriledi.

Mısal ushın , "Ózbekstan puqaralarınıń huqıqları"

Oqıtıwshı hár bir topar ushın óz aldına tapsırma tayarlaydı:

I. Konstituciyalıq huqıqlar.

II. Administrativlik huqıq tiykarları.

III. Puqaralıq huqıqları tiykarları.

IV. Miynet huqıqları tiykarları.

V. Ekologiyalıq huqıq tiykarları.

Hár bir topar tapsırma aladı hám 3 minut dawamında talqılaydı, sońınan topar wákili oqıtıwshınıń stolına kelip, tayar "Menyu"di alıp qaytadı. Bul uzın qırqılǵan qaǵaz –"tiller" bolıp, olarda hár túrli huqıq tiykarları bayan qılınǵan. Topar wákili "tiller"den birin tańlap aladı hám óz toparına qaytadı. Basqa talaba da sol isti orınlaydı hám zárúr materiallar jıynalǵanǵa shekem bul jaǵday dawam etedi. 10 minut dawamında tapsırma talqılanandı hám rásmiylestiriledi. Bul metodta juwaplar awızeki bolıwı múmkin. Basqa topar wákilleri sorawlar beredi, oqıtıwshı bolsa topar islerin, sárdar xızmetin bahalap baradı.

**"Kishi toparlarda baspa materiallar menen islesiw" usılı.**

Kishi toparlarda islesiwdiń jáne bir metodı – baspadan shıqqan materiallar menen islesiw esaplanadı. Talabalardıń zárúr maǵlıwmattı izlewi, teoriyalıq bilimlerdi bekkemlewi hám de teoriyalıq materiallardı tereń ańlawı ushın bul metodtan paydalanıw jaqsı nátiyje beredi. Auditoriya 4-5 adamnan ibarat kishi toparlarǵa bólinedi. Topar bir qıylı yaki hár túrli temadaǵı tapsırma hám de gazeta, jurnal, fotoalbom hám byulletenler aladı.

Zárúr materiallar: A-1 formatlı aq qaǵaz , qayshı, jelim.

Tapsırmalar:

a) gazetalardan insan huqıqları haqqında maǵlıwmatlardı tawıp, tómendegi tártipte jaylastırıń:

1) puqaralıq huqıqları:

2) siyasiy huqıqları:

3) ekonomikalıq huqıqlar:

4) jámiyetlik huqıqlar:

5) madaniy huqıqlar:

b) insan huqıqların engiziw formaların aytıń.

Onıń 4 túri bar:

-ámel qılıw:

-orınlaw:

-paydalanıw:

-qollanıw.

Hár bir topar (olar 4) tapsırma aladı, gazetadan kerekli materiallardı tabadı, maqala, súwretlerdi qırqıp aladı hám plakatqa jelimleydi, zárúúr tekstti túsindiredi. Hár bir topardıń sárdarı is juwmaǵı haqqında esap beredi. Basqa topar talabaları soraw beredi hám jumıstı bahalaydı.

Esbattan aldın talabalardan barlıq materiallardı jıynap aladı, olar gazeta oqıwǵa berilip ketip, sárdar pikirlerine qulaq salmaslıǵı múmkin. Talabalardan abaylı bolıp islew talap etiledi, artıqsha qaǵaz qırqıw, jelimlew, auditoriyanı pataslawǵa jol qoyılmaydı.

**“Debatlar “ usılı.**

“Debatlar” tiykarında sabaqtı shólkemlestiriwden tiykarǵı maqset mashqala sheshimin tabıwda talaba óz jantasıwınıń durıslıǵına ózgelerdi isendiredi. Óz pikirin anıq hám puqta bayan etiw, bunıń ushın tuwrı dálil hám juwmaq tabıw kónlikpesin qáliplestiriwde “debatlar” nátiyjeli metod bolıp esaplanadı.

Metodikalıq usınıslar:

“Debatlar” temanı rezolyutsiya formasında sáwleleniwi kerek. Málim bolǵanınday, rezolyuciya barqulla bar jaǵdaydı ózgertiwdi talap etedi. Mısal ushın, “Qabıl qılınǵan: AQSh Oliy sudı oliy jazanıń nakonstituciyalılıǵın tán aldı”.

Shınǵıwǵa máhálliy qánigelerdan (ólim, vrach, injener, jámiyetlik ǵayratker hám basqa ) biri usınıs etiledi.

Debatta talabalar eki toparǵa ajıratıladı: rezolyuciyanı qollap-quwatlawshılar hám olarǵa qarsı shıǵıwshılar. Topar sárdarı reglamentke ámel qılıw baqlawshı – járdemshi tayınlaydı.

“Konstruktiv argumentler” 3-5 halatqa tiykarlanǵan: logikalıq jaqtan sáwlelengen hám dálilli materiallar menen bekkemlengen argumentler tayarlaw ushın talabalarǵa jeterlishe waqıt beriledi. Olarǵa mashqalanıń mánisin ańlaw hám óz pikirlerin bekkemlew ushın logikalıq argumentler tayarlawda oqıtıwshı járdem

beriwi kerek. Sonıń menen birge talabalar qarsı tárep bildiretuǵınn pikirlerdi shamalawı hám aldınnan onı biykar etiwge de tayarlıq kóriwi lazım.

Talabalardı sonday dálil – sıpat tabıw kónlikpesin úyretiw kerek, bildirilgen pikirdi qarsı táreptiń teńlesleriniń kózqarasların húrmet qılıwǵa yaki óz bilimi auditoriya doslarınıń bilimi aldında kem ekenligin tán alıwın úyrened, eń tiykarǵısı, olarda erkin pikir júritiw kónlikpeleri qáliplesedi.

**“Sın pikirlew” usılı.**

Wazıypası. Demokratiyalıq jámiyette hár bir puqara óz mashqalasın aqıl menen sheshiw qabiletine iye bolıw kerek. Sol sebepli, talabalardı pikirler-tartısı arqalı máseleniń sheshimin tabıwǵa kóbirek tartıw lazım.

Sorawlardı sheshiwde talabalarda tıńlaw, sáwbet alıp barıw, túrli pikirlerdi salıstırıw, ózgelerdiń pikirine biyparwa qaramaw sıyaqlı ádetler qáliplesip baradı, máseleni sheshiw hám húkim shıǵarıw, analitikalıq pikirlew qábileti rawajlanadı, pikirler talasın júritiw, sheshimlerdi tuwrı tabıw kónlikpeleri ózlestiriledi.

Ótkeriw usılı. Pikirler-talası sorawların talqılaw hám qalıs pikir júritiw kónlikpelerin rawajlandırıw ushın metodlar bar. Bar waqıyalıqtı sın pikirlew tiykarında bahalaw tómendegi basqıshlardan ibarat bolıwı múmkin.

1. Talabalardıń óz pikirlerin erkin sáwlelendiriwshi.

Talabaǵa aytılǵan mashqala boyınsha óz ornın anıqlap alıwı ushın imkan beriledi. Máselen, Tashkentte 16 fevral waqıyaları ne ushın júz bergenligi haqqında. Talabadan juwap alıw ushın bir qatar sorawlar menen múrájáát qılıw múmkin. Seniń pikiriń qanday? Bul haqqında sen qanday pikirdeseń hám basqa.

2. Óz pikirin aydınlastırıw.

Talabanıń pikirin jáne de anıqlastırıw maqsetinde oǵan qosımsha tárizde tómendegi sorawlar beriledi. Bunıń menen ne demekshiseń? Óz pikirińdi túsindire alasań ba? Bul ne degeni?

3. Talabalardıń pikirleriniń tiykarlanǵanlıǵın tekseriw.

Bunda tómendegi sorawlar beriliwi múmkin:

Ne ushın sen áyne sonday dep oylaysań?

Seniń abırayıńdı tastıyıqlawshı qanday tiykarlar bar?

Ne ushın sende sonday pikir tuwıldı?

Óz pikirińdi qanday dálilleyseń?

4. Ózgeler pikirin úyreniw.

Insan óz pikiriniń ázziligin barháma tán ala bermeydi. Sonday-aq, sáwbetlesiniń pikirine húrmet – izzet penen de qaray bermeydi. Bul jaǵdaydı kóbirek óspirimlerde baqlaw múmkin. Bazı da mashqalalardıń sheshimin tabıwda ózgelerdiń pikirin tıńlaw kónlikpesi júdá kerek boladı. Bul kónlikpeni talabalarda qáliplestiriw ushın tómendegi sorawlar menen múrájáát qılıń. Óz pikirińizge kerek bolǵan jaǵdaydı ayta alasız ba? Bul haqqında basqalar ne deydi? Sınǵa usırawıńız múmkin be?

5. Óz hám ózgeler pikirin talqılaw.

Talaba óz pikiri menen ózgelerdiń pikirin ózara salıstırıw, ilimiy tiykarlanǵan jaǵdaydı anıqlaw ushın pikirler qarama – qarsılıǵın talqılawı kerek. Sonda tómendegi sorawlar kerek bolıwı múmkin. Óz pikiriń qanday? Qarsı táreptiń dálil sıpatı ne ushın durıs yaki nadurıs?

Talqılanıp atırǵan mashqala boyınsha túrli pikirlerdiń logikalıq nátiyjelerdi úyreniw ushın sorawlar. Eger siziń ideyańız qabıl qılınsa, ne júz beriwi múmkin? Ol jámiyetke qanday tásir kórsetedi? Payda bere me?

6. Mashhqala nátiyjesin qabıl qılıw.

Bul "Sın pikirlew" usılınıń sońǵı basqıshı esaplanıp, talabalardıń pikirleri qaytadan bahalanadı hám teńsalmaqlılıq anıqlanadı. Buniń ushın qaysı nátiyje eń qolaylı hám isenimli? Kimniń shıǵıwı maqsetke muvwapıq boldı? Siz sáwbetke qanday nuqta qoyqan bolar edińiz? sıyaqlı sorawlar beriwińiz múmkin.

Ańlatıw: Bul usıl tiykarınan huqıqıy bilimlerdi ózlestiriwde qol keliwin atap ótiw lazım. Huqıqıy tálim jaslardı jámiyette, jámáát hám de shaǵaraqta óz ornın tabıwı ushın kómeklesedi, waqiyalarǵa sın kóz benen qarawb onı obyektiv bahalaw imkanın beredi. Máselen "Mámleket hám huqıq tiykarları" páni bir qatar qarama-qarsılıq hám boslıqlardı úyrenedi. Negizinde nızamlar boslıqlardı sheshiw ushın xızmet qıladı. Huqıqtı úyreniw talabalarǵa jámiye1tte ámel qılatuǵınlar boslıqlı sorawlar shshimin tabıwǵa shaqıradı.

## 2.3. “Mámleket hám huqıq tiykarları” páni temaların texnologiyalastırıwda interaktiv usıllardan paydalanıw ólshemleri

Oqıtıwshı talabalar menen “Mámleket hám huqıq tiykarları” pániniń jańa temasın úyreniwge kirisedi eken, soraw tuwılaıi. Qaysı oqıtıw usılı tańlanadı, qanday didaktikalıq materiallardan paydalanıw múmkin? Hár bir shınıǵıwdıń pedagogikalıq nátiyjesine erisiw ushın oqıtıwshı óz intellektual potencialın kórsetiwi, aldınǵı pedagogikalıq tájiriybeden paydalanıw lazım.

Ulıwma jaǵdayda usıldıń tańlanıwı tálim tárbiyanıń didaktikalıq maqseti menen anıqlanadı. Bazı da oqıtıwshı hám talabalar ortasında xızmet túrleri almasıp turadı. Tábiyiy, bul xızmet túrlerine sáykes halda oqıtıw usılları da ózara muwapıqlastırıladı.

Oqıtıwshınıń jańa temaǵa tayarlıq kóriwinde metodikalıq usıllardı tańlaw onıń ózara almasıwın waqıt hám didaktikalıq maqset boyınsha teńsalmaqlılıǵın saqlaw demek. Sonıń nátiyjesinde, talabalardıń aqılıy hám ámeliy belsendiliginiń joqarı dárejesin táminlewge jaǵday jaratıladı. Tuwrı qollanılatuǵın usıllar obyektiv waqıyalılıqqa baylanıslı bilimlerditereńlestiredi hám shınıǵıwdıń ilimiy ámeliy dárejesin asıradı. Bul metodlar málim dárejede bilim sheńberi hám kásiplik qızıǵıwshılıǵın rawajlandırıwǵa, ámeliy iskerligin jedellestiriwge alıp keledi.

Usıllardı tálim procesiniń ózara baylanıslı kelispewshiliklerin sheshiw usılları sıpatında talqılaydı ekenbiz, buni sistemalastırıwdıń predmetli tiykarı hám logikasın sezemiz. Pedagog oqıw procesin rejelestiriwde usıllardıń eń kerekli jámlenbesinen materialdıń ózine tánligin, talabanıń tayarlıǵın, waqıt faktorı hám pánniń ulıwma tálim - tárbiyalıq maqsetin inabatqa alǵan halda paydalanıw zárúr.

Oqıtıw xızmeti dawamında bir neshe usıllar ózlestiriledi, ol pedagog hám talabalardıń belgili bir ózara háreketleri túrli tárepten sıpatlanǵan halda bir-biri menen sińisip ketedi. Bunday payıtta tek, aytayıq, awızeki, yaki deduktiv metod qollanıladı, dew múmkin. Negizinde, bul belgili bir metodtı qollanıw oqıtıwdıń házirgi basqıshı ushın ústin bolǵan didaktikalıq wazıypalardı shesedi, degen pikirdi ańlatadı. Máselen, tema mazmunınıń wazıypası oqıw xızmeti kónlikpelerin qáliplestiriw, ǵárezsizlikti rawajlandırıw bolsa onda birinshi gezekte, basqa

metodlardıń járdeminde engizilip atırǵan evristik metodtı qollanamız. Basqa jaǵdayda, kórsetpeli túsiniklerdi kóriwge baylanıslı qabıllawdı rawajlandırıw yaki oqıw xızmetin jedellestiriw wazıypası sheshilip atırǵan bolsa, kórsetpeli metodlar birinshi orında boladı.

Oqıtıw usılların qollanıw haqqındaǵı dialektikalıq túsinik bir qatar metodlardı, sonıń ishinde, shet el didaktikasına baylanıslı interaktiv metodlardıń da ulıwma sıpatlamasın ózlestiriw imkanın beredi, oqıtıw metodların jasalma sheklewge yaki olardıń hár birin ayırım jaǵdayda qarawǵa yol qoymaydı.

Bunday jantasıwdı sáwlelendiriwde logikalıq qaǵıyda jalǵız tiykar boyınsha sıpatlaw zárúrligi buzılmaydı, sebebi bul bir waqıttıń ózinde belgili bir waqıyalıqtı bir qatar sıpatlamalardıń bar bolıw imkaniyatların joqqa shıǵarmaydı, kerisinshe, bir qansha pútin sıpatlama elementleri sıpatında interaktiv metodlardı da ózinde birlestiredi.

Pedagogtıń interaktiv usılları hár túrli hám hár bir talaba menen ózara sáwbeti kóp qırlı bolıwı tańlanǵan metodlardıń sonshelli unamlı bolıwın táminleydi. Pedagog xızmeti bir metodtı  tańlaw menen shegaralanbaydı, ol interaktiv metodlartı ózinde sáwlelendiriwshi sistemadan da paydalanıw múmkin.

Izertlewimizde interaktiv usıllardı sistemalastırıw tiykarında talabalardı erkin pikirewge úyreniw ideyası jatadı. Oqıtıw nótiyjesi interaktiv usıllardıń pútinligi dárejesine baylanıslılıǵı haqqında qálegeninshe aytıw múmkin. Interaktiv usıl oqıtıwdıń belgili bir aktin qanshelli sıpatlasa, ol oqıtıw nátiyjesin sonshelli kóp táminleydi. Mısal ushın, pedagog tiykarǵı usıl sıpatında “pikirler-talası”n tańlaydı, ”pikirler-talası” dawamında talabalardıń pikirlew qábiletii ósiriw ushın “aqılıy hújim”nen paydalanıladı, bul bolsa kútilmegen nátiyje beredi.

Oqıtıw usılların xarakterlewge baylanıslı jantasıwlardı ıqshamlastırıw oqıw xızmeti strukturasında racionalizm qaytalawına alıp keliwi múmkin, solay eken, biliw teoriyasına sezim-tuyǵı hám aqıl parasatqa tiykarlanıw birligin táminlew zárúrligi ayrıqsha atap ótedi. Sol sebepli, oqıtıw metodların súwretlewge pútin, hár tárepleme jantasıw bul tek ǵana medotikalıq yaki ámeliy mashqala, sonıń

menen birge, sheshimi oqıw procesine sistemalı jantasıwdı usınıs etiw menen baylanıslı bolǵan áhmiyetli metodologiyalıq háreket esaplanadı.

Solay etip, “Mámleket hám huqıq tiykarları” páni ushın interaktiv oqıtıw usılların tańlawdı jetilisitiriwdiń birinshi áhmiyetli shárti olardı sistemalastırıwdıń oqıw procesin rejelestiriw barısı ámeliyatında qollanıw menen baylanıslılıqtı anıqlastıratuǵın pútin jantasıwdı sıpatladıq.

Interaktiv oqıtıw metodların tańlawdıń jáne bir áhmiyetli shárti olardı eń kerekli salıstırıw ólshemlerin esapqa alıwdı talap etedi.

Pedagogikada dástúriy usıllardı tańlaw ólshemleri joqarı dárejede islep shıǵılǵan. Biz olardı teoriyalıq talqılaw tiykarında, sonday-aq 60 tan artıq joqarı oqıw ornınıń oqıtıwshıları menen ótkerilgen soraw nátiyjelerine tayanǵan halda “Mámleket hám huqıq tiykarları” pánin oqıtıwǵa interaktiv usıllardıń ózine tán táreplerin itibarǵa alıp tómendegi ólshemlerdi ayrıqsha kórsetemiz

1. Interaktiv usıllardı tańlaw ólshemi onıń tálim-tárbiyalıq, rawajlandırıwshılıq máselelerdi sheshiwge joqarı baǵdarlanılǵanlıǵında sáwlelenedi. Bul ólshem túrli usıllardıń sheńberindegi wazıypalardı sheshiw imkaniyatların bahalaw jolı menen engiziledi, sebebi jámiyetlik tárijiybe elementlerin ózlestiriwde onıń imkaniyatları túrlishe.

Kórinip túrǵanınday, interaktiv usıllarınıń barlıǵı talabalarda pikirlew erkinligin táminleydi, oqıtıwda bir qáliplikti joǵaltadı, oqıw materialların iyelewde teoriyalıq bilimler rolın asıradı.

2. Interaktiv usıllardı tańlawdıń náwbettegi ólshemi onıń tálim mazmunı ózgesheligine sáykes keliwi bolıp tabıladı. Ol metod mazmunınıń háreketleniw forması sıpatında da anıqlanadı. Sol sebepten bul ólshemniń esapqa alınıwı shárt. Bir usıl járdeminde tema mazmunı tolıq ashıp berilse, basqası onı toltırıwǵa imkan tuwdıradı, úshinshisi bolsa bul mazmun ushın paydasız bolıwı da múmkin.

Biz tiykarǵı interaktiv usıllar nesizine toqtaldıq, biraq olardı ámelge asırıw formaların engiziw quralları sıyaqlı túrlishe bolıwı múmkin. Máselen, “Aqılıy hújim”, “Sın pikirlew”, “Ajurlı jarǵı”, “Menyular” awızeki sóz, sabaqlıqtı oqıw, kino yaki televideniye basqa súwretlew qualları arqalı ámelge asırılsa, “Klaster”,

“Sinkveyn”, “Óz ornıńdı tap” sıyaqlı usıllar oqıtıwshınıń xızmet usılların tákirarlawdı talap etedi.

3. Interaktiv usıllardı tańlawdıń náwbettegi ólshemi onıń talabalar oqıw imkaniyatlarına tolıq sáykes keliwi, yaǵnıy nátiyjeli oqıw imkaniyatlarına tolıq sáykes keliwi, yaǵnıy nátiyjeli oqıw xızmeti ushın ishki hám sırtqı shárt-sharayatlar birligin táminlew.

Baqlawlardan málim bolǵanınday, real oqıw imkaniyatın úyreniwde tómendegi shártlerdi anıqlaw kerek. Talabalardıń erkin iskerligine tayarlıǵı talabalardıń unamlı xızmetke tayarlıǵı oqıtıwǵa múnásibeti hám basqalar.

Auditoriya tayarlıǵınıń joqarı dárejesi interaktiv usıllar dárejesiniń asırılıwın talap etedi. Auditoriyaǵa tayarlıǵı tómen dárejede bolǵan talabalar menen basqa oqıtıw metodı qollanıladı, bunda lekciya, túsindiriw, kórgizbelilik usıllarınıń ornı hám áhmiyeti artadı.

4. Interaktiv oqıtıw usıllarınan paydalanıwda pedagogtıńg jeke imkaniyatları sáykes keliwi lazım. Bul ólshem pedagogtıń nızamlıqları, biliw teoriayları, tálim mazmunı teoriyası hám basqa bar nızamlar menen qurallanǵan dárejesi esapqa alınadı. Málim bolǵanınday, sabaqtıń didaktikalıq maqsetinea túrli metod, onıń ózara birigiwinen unamlı paydalanıw esesine erisiw múmkin. Basqasha qılıp aytqanda, usıllar kompesatorlıq imkaniyatına iye. Bul processti shólkemlestiriw, waqıt hám kúsh sarpın tejew, talabalarda erkin pikirlewdi rawajlandırıw interaktiv usıllardan paydalanıw kún tártibine qoyılmaqta.

5. Interaktiv usıllardı tańlaw ólshemlerinen jáne biri onıń oqıw procesin shólkemlestiriw formaları menen sáykes keliwi bolıp tabıladı. Aytpaqshı, oqıtıwdıń jalpı toparlı hám individual formaları túrlishe usıllardı talap etedi. Tiykarınan, debat metodı eki talaba ortasındaǵı sáwbet esalansa, “Aqılıy hújim”de topardaǵı barlıq talabalardıń qatnasıwı zárúr. Sonıń menen birgelikte, bul ólshem temanıń quramalılıq dárejesine sáykes halda forma hám stildiń ózara uyǵınlıǵın táminlewge baǵdarlandırıladı.

6. Interaktiv usıllardıń pedagogikalıq texnologiya principlerine sáykes keliwi ulıwmalastırıwshı ólshem esaplanadı. Mloim bolǵanınday, pedagogikalıq

texnologiya da málim nızmalılıqlar tiykarında joybarlastırılıp, oqıw procesin shólkemlestiriwge tiykar jaratadı, juwmaqlawshı nátiyjeni talabanıń belgili bir temanı ózlestiriwi kórsetedi. Bul tiykarlar pedagogikalıq texnologiyanıń ózine tán táreplerin sáwlelendiredi hám metodikadan parqlı táreplerin kórsetip turadı. Olardı pedagogikalıq texnologiya principleri dep ataw múmkin. Interaktiv usıllar járdeminde pedagogikalıq texnologiya tiykarı didaktikalıq processti qurıwda áne sol meyillerge tayanıladı...

Interaktiv metodlardı "Mámleket hám huqıq tiykarları" páni ushın tańlaw hám belgili bir oqıtıw texnologiyasın tema maqsetine muwapıq tárizde joybarlastırıw, pikirimizshe, tómendegi basqıshlardı qamtıp aladı.

1. Úyrenilip atırǵan oqıw materialınıń mazmunın talqılaw.

Tálim mazmunı elementi sıpatında oqıw materialınıń sıpatlı ózgesheligi anıqlanadı. Tálim mazmunınıń hár bir elementi ushın ózlestiriwdiń málim xızmet túri sáykes keledi, solay eken, oqıtıw metodlarınıń belgili toparı da tańlanadı.

Oqıw maǵlıwmatınıń logikalıq strukturası xarakteri hám psixologiyalıq tábiyatı belgilep alınadı.

Biliw tapsırmalarınıń mazmunlı jámlenbesin ajıratıw maqsetinde materialdıń ishki baǵdarları tárepinleri boslıqları talqılanadı.

2. Úyrenilip atırǵan materialdıń talabalar ushın jańalıq hám bilimlerin iyelewde erkinlik dárejesin waqıt faktorı hám de variantlarınıń mazmunın talqılaw tiykarında ajıratılǵan biliw nátiyjelerin muwapıqlastırıw máselelerin esapqa alıwdı anıqlaw.

3. Tálimniń ulıwma máselelerin sheshiw zárúrliigin esapqa alǵan halda ajıratılǵan variantlardı talqılaw hám bahalaw.

4. Ulıwma máselelerdi sheshiwde metod hám usıllardı bir birine qosılıw izbe-izligin muwapıqlastırıw.

**Tájiriybe-sınaw jumısları.**

Tájiriybe-sınaw jumıslarınıń tájiriybe sınaw jumısları Nókis rayonındağı №9 ulıwma bilim beriwshi orta mekteptiń 10-a hám 10-b klasslarında alıp barıldı. Nátiyjede oqıwshılardı huqıqıy tárbiyalawǵa baylanıslı is-ilájlar sınawdan ótkizildi. Olarda izertlew rejesine kóre konferenciyalar, huqıqıy oqıwlar ótkerildi.

Pitkeriw qániygelik jumısınıń ilimiy jańalığı hám teoriyalıq áhmiyeti sonnan ibarat-izertlew jumısında oqıwshılarǵa huqıqıy bilimler beriwdiń ózine tán qásietleri, mazmunı, ámelge asırıw formaları hám usılları teoriyalıq tárepten tiykarlap berildi.

Pitkeriw qániygelik jumısınıń ámeliy áhmiyeti-oqıwshılardıń huqıqıy tárbiyalanǵanlıq dárejesin asırıw, huqıqıy mádeniyatın jetilistiriw, usı maqsette oqıwshılarǵa huqıqıy bilim beriwdiń sapasın hám sistemasın tiykarlaw boyınsha juwmaq hám usınıslar islep shıǵıwdan ibarat.

**Tájiriybe-sınaw jumıslarınıń analizi**.

Oqıwshılardıń huqıqıy tárbiyalanǵanlıq dárejesin asırıw processin tajiriybe-sınaw arqalı analizlew.

1-basqısh.

**Anıqlawshı tájiriybe.**

Tájiriybeniń maqseti: oqıwshılardıń huqıqıy sawatxanlıǵın asırıwdıń mazmunı, forması, quralları hám metodların ámelde qollanılıwı.

Tájiriybeniń wazıypaları;

1. Oqıwshılardıń huqıqıy sawatxanlıǵın asırıw boyınsha alıp barılıp atırǵan jumıslardıń jaǵdayın úyreniw.

2. Oqıwshılardıń huqıqıy bilim, kónlikpe hám uqıplılıqların anıqlaw.

3. Oqıwshılardıń oylaw qábiletlerin asırıwda jaratılǵan shárt-sharayatlardı anıqlaw.

**Tájiriybeniń barısı:**

Oqıwshılardıń huqıqıy tárbiyalanǵanlıq dárejesin pedagogikalıq diagnoz etiw boyınsha tájiriybe-sınaw jumısların alıp barıwda hár eki klasstada oqıwshılarǵa huqıqıy tárbiya beriw boyınsha rejelestirilgen isler úyrenilip shıǵıldı.

Huqıqıy tárbiya boyınsha sabaqlıq, yaǵnıy “Mámleket hám huqıq tiykarları” oqıtılsada tájiriybe klasında qadaǵalaw klasına qaraǵanda túrli interaktiv metodlardan, qızıqlı usıllardan paydalanıp alıp barıldı. Ekinshi qadaǵalaw klasında bolsa bul sabaqlar ápiwayı baǵdarlama tiykarında alıp barıldı.

Tájiriybe klasında jıl boyınsha klass tárbiyalıq saatlarıda huqıqıy tárbiyaǵa tiykarlanıp, oqıwshılarǵa jınayatshılıq, jınayatlarǵa beriletuǵın juwapkershilik hám olardıń aldın alıw is-ilájları haqqında kóbirek túsindiriw isleri alıp barıldı.

Rejelestirilgen temalar

“Tájiriybe klası”nıń basshısı hám “Mámleket hám huqıq tiykarları” pániniń muǵallimleriniń is rejeleri oqıwshılardıń huqıqıy tárbiyasın asırıw talapları sheńberinde dúzilgen bolıp, sabaqlarda bárqulla oqıwshılardıń huqıqıy túsiniklerin ósirip baradı.

“Qadaǵalaw klası”nıń basshısı hám “Mámleket hám huqıq tiykarları” páni muǵallimleriniń rejeleri ápiwayı baǵdarlama tiykarında, MBS talapları sheńberinde dúzilgen, bul klasta oqıwshılarǵa huqıqıy mádeniyat , óz huqıq hám minnetlemeleri haqqında kemirek maǵlıwmatlar berilgen, tek rejelerde ǵana huqıqıy tárbiya beriw aytıp ótilgen. Oqıwshılardıń huqıqıy sana-sezimin asırıw máselelerine itibar kemirek.

Hár eki muǵallimniń jumısları hám sabaqları kózden ótkerilgende oqıwshılardıń huqıqıy sana-sezimin ósiriwshi kriteriyalardan paydalanǵanlıǵı málim boldı.

Oqıwshılardıń huqıqıy bilimlerin anıqlaw ushın gúrrińlesiwler ótkerildi. Gúrrińlesiwde tómendegi sawallardan paydalanıldı:

1. Huqıqıy tárbiya degende neni túsinesiz?
2. Huqıqıńızdı bilesizbe?
3.Minnet degende neni túsinesiz?
4. Insan huqıqların qorǵaw boyınsha shólkemlerdi bilesizbe?
5. Konvenciya degenimiz ne?
6. Konstituciyanı bilesizbe?
7. Insanlarǵa óz huqıqların biliw qanday payda keltiredi?

8. Ata-ananıń perzent aldındaǵı hám perzenttiń ata-ana aldındaǵı minnetleri haqqında nelerdi bilesiz?

| Huqıqıy sana-sezimdi payda etiwshi kriteriyalar | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Klasslar | Mektep ishki tártip qaǵıydaları | Oqıwshınıń minneti | Konstituciya álemi | Konvensiya dún'yası | Perzentlik minneti |
| Tájiriybe klası | 1 | 1 | 1 | 1 | - |
| Qadaǵalaw klası | 1 | - | 1 | - | - |

Nátiyjeden kórinip turǵanınday, hár eki klastıń oqıwshılarınıń huqıqıy tayarlanǵanlıq dárejesiniń ósiw nátiyjeliligi haqqındaǵı kóz-qaraslarında, Konstituciya hám Konvensiyanı úyreniwde hám onı bala turmısına qollawda kemshilikler sezilip turdı.

Ásirese, bul qadaǵalaw klasında kóbirek sezildi, minnet, juwapkershilik, huqıq haqqındaǵı bilimleriniń sayızlıǵı, jámáátte hámme boysınıwı tiyis bolǵan qaǵıydalar haqqında qıynalıp sóylep berdi.

Ata-analar hám muǵallim hámme waqıt minnet, juwapkershilik, huqıq, konstituciya, konvensiya, qaǵıyda, tájiriybelerinen tuwrı paydalanıwǵa úyretiw ushın alıp barılatuǵın isler talap dárejesinde sistemalı túrde jolǵa qoyılmaǵan. Sonıń ushın tájiriybe islerinde óz aldına ata-analar menen birgelikte jumıslardı rejelestiriw zárúr dep oylaymız.

2-basqısh.

Payda etiwshi tájiriybe.

Maqset: Tájiriybe klasında huqıqıy sana-sezimdi rawajlandırıw nátiyjeliligin asırıw.

Wazıypalar:

1. Tájiriybe klasında huqıqıy sana-sezimdi rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan tálim-tárbiya jumısları sistemasın islep shıǵıw.

2. “Mámleket hám huqıq tiykarları” sabaqlarında huqıqıy sana-sezimdi asırıwǵa baǵdarlanǵan temalar rejesin islep shıǵıw.

3. Sabaqtan tısqarı ilájlarda huqıqıyqaǵıydalarǵa ámel etiwdi násiyatlawshı gúrrińlesiwler, ushırasıwlar shólkemlestiriw.

4. Ata-analar menen birgeliktegi ámelge asırılatuǵın jumıslar sistemasın anıqlaw hám olarǵa pedagogikalıq másláhátler beriw.

**Ata-analar menen alıp barılatuǵın isler rejesi.** Ata-analar ushın kórgizbeler, másláhátler, ata-ana májilisleri, pedagogikalıq dógerek hám ashıq esikler kúnin ótkeriw isleri alıp barıldı.

1. Tematikalıq kórgizbelerdiń úlgi temaları:

- Ata-analardıń balalar aldındaǵı minneti;

-Bala huqıqı hám minnetin ańlatıwda ata-analardıń ornı;

-Mektep ishki tártip-qaǵıydası hám huqıqıy tárbiya;

-Huqıqıy tárbiya beriwde shańaraq hám mekteptiń birge islesiwi;

2. Ata-analar menen ótkeriletuǵın másláhátlerdiń úlgi tematikası.

- Shańaraqta tártip-intizam qaǵıydaların jolǵa qoyılıwı;

-Hadallıqtı hám tuwrı sózlilikti tárbiyalaw;

-Balańızǵa túsindirip barıń;

- Balalardıń minez-xulqı hám tártibine ata-analar abıroyı hám úlken jastaǵılardıń jeke úlgisiniń tásiri;

Rejelestirilgen tálim-tárbiya islerin shólkemlestiriwde jańa pedagogikalıq texnologiyalarǵa tiykarlanıladı.

" Mámleket hám huqıq tiykarları " sabaqlarında oqıwshılardı pikirlewge, analizlewge hám húkim, juwmaqlar shıǵarıwǵa iytermelewshi problemalı jaǵdaylardan paydalanılsa, oqıwshılarda aktivlik, qızıǵıw, ǵárezsizlik kibi qásietler kózge taslanadı.

Qaraqalpaq xalqı áyyemgi dáwirlerden perzentlerin gúnalı islerden awlaq bolıwǵa, rasgóylikke, tatıwlıqqa, sadıqlıqqa, bir-birine, basqalarǵa ǵamxorlıq, ádeplilik,

tártip-intizamlılıq, miynetsúygishlik ruwxında tárbiyalawǵa úlken itibar berip kelingen.

Muǵallim hár kúni sabaq aldınan oqıwshılardı qadaǵalap, óz sózin bılay baslaydı.

Keshe kim qaǵıydaǵa qılap is etti?

Kim úmitsizlikke jol qoydı?

Siz televidenie, radio, sociallıq tarmaqlar arqalı keshe qanday huqıqbuzarlıqlar hám olarǵa beriletuǵın jaza sharaları haqqında maǵlıwmat aldıńız?

Siz bul tele kórsetiw hám esittiriwlerden qanday juwmaq shıǵardıńız?

Siziń shańaraǵıńızda huqıqıy tárbiyaǵa baylanıslı gúrrińlesiwler bolıp turama?

Bul gúrrińlesiwlerden ata-analarıńızdıń násiyatların qalay qabıl etesiz?

Balalar tamanınan jol qoyılıp atırǵan unamsız is-háreketlerdi oqıtıwshı oqıwshılar jámáátinde dodalaydı. Aqıbetlerin turmıslıq mısallar menen túsindiredi. Bunday sawal-juwaplar balalar ushın eń qımbat insanıy pazıyletlerdi iyelewge iytermelewshi qural esaplanadı. Bunday sharayatta muǵallim xalıq danıshpanlıǵınvıń basqada kórinislerinen ónimli paydalanıwǵaháreket etedi. Ásirese, xalıqtıń kóp ásirlik turmıslıq tájiriybeleri tiykarında júzege kelgen maqallar ózine tán tárbiyalıq áhmiyetke iye boladı.

**Salıstırıwshı tájiriybe.**

Maqset: Tájiriybe hám qadaǵalaw klassları oqıwshılarınıń huqıqıy tárbiyalanǵanlıq dárejeleriniń rawajlanǵanlıq dárejelerin salıstırıw.

Wazıypalar:

1. <u>Hár eki klass oqıwshıların is-háreketlerin baqlaw.</u>
2. Oqıwshılar hám olardıń ata-anaları menen sáwbetlesiwler ótkeriw.

Tájiriybe-sınaw isleri nátiyjelerinen málim bolıwınsha, tájiriybe klasında tárbiyalanǵanlıq dárejesi bir qansha arttı. Oqıwshılar sabaq hám sabaqtan tısqarı waqıtları ornatılǵan ishki tártip-qaǵıydalarǵa ámel etiwge háreket ete basladı. Tájiriybe processinde ata-analardı aktivlestiriw, shańaraqlıq múnásibetlerde huqıqıy mádeniyat hám tárbiya islerine itibar qaratıw, ádep-ikramlılıq, tártip-intizam, huqıqıy sana-sezimdi rawajlandırıwǵa qaratılǵan tártip-intizamdı kúsheytiw, olar menen individual islesiw jaqsı nátiyje berdi.

Shańaraqta balalardı belgilengen huqıqıy shegaraǵa ádetlendiriw, olardıń is-háreketlerinen xabardar bolıwǵa uqsaǵan unamlı jetiskenliklerge erisildi.

Oqıwshılardıń óz is-háreketlerine ózleriiń baha beriwi hám basqalarǵa salıstırıw uqıbı hám kónlikpeleri áste-aqırın payda bola basladı.

Huqıqıy sana-sezimniń rawajlanǵanlıq dárejesin anıqlaw maqsetinde tájiriybe hám qadaǵalaw klasslarında gúrrińlesiwler ótkerildi..

**Gúrrińlesiw ushın sawallar:**

1. Oqıwshılar huqıqıq hám minnetlerin qanshalıq dárejede ózlestirdi?
2. Ata-anańız úydegi kún tártibin belgilep qoyǵanba?
3. Mektepte tártip-qaǵıydalarǵa boysınasızba?
4. Tártip-intizamnıń buzılıwınıń aqıbetleri nelerge alıp keledi?
5. Huqıq, minnet, tártip-intizam haqqında qanday kórsetiwler kórdińiz?
6. Óz huqıq hám minnetlerińiz haqqında nelerdi bilesiz?

**Nátiyjeler analizi.**

| Huqıqıy sana sezimniń payda bolǵanlıq dárejesi | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Qadaǵalaw klası | | Tájiriybe klası | |
| Dárejesi | Izertlew basında | Izertlew sońında | Izertlew basında | Izertlew sońında |
| Joqarı | 12 | 20 | 13 | 30 |
| Orta | 17 | 17 | 15 | 14 |
| Tómen | 21 | 13 | 22 | 6 |

Demek, tájiriybe klasında muǵallim tárepinen alıp barılǵan tárbiyalıq ilajlar tiykarında oqıwshılarǵa áste-aqırın huqıqıy bilimlerin bayıtıw, tártip-intizamǵa sanalı túrde baǵınıw, olar jámáátshilik múlkine hám zatlarǵa abaylı qatnas jasaw. Dáslepki kónlikpelerdi ózlestire basladı.

Óz-ara járdem, tártiplilik, ǵamxorlıq, doslıq, miyrimlilik, jámáátshilik intizamı hám tártibine boysınıw sıyaqlı huqıqıy sana-sezimdi, ádep-ikramlılıq is-háreketlerdi tereńirek úyreniwge erisiw.

## JUWMAQ

Tálim orınlarında eń dáslepki huqıqıy tárbiya balalardıń kúndelik xızmetindegi oyın hám shınıǵıwları arqalı olardıń sanasına sińdirip barıladı.

Ulıwma bilim beriw mekteleriniń 1-4-klass oqıwshılarına huqıqıy bilim beriwde olardıń jas ózgesheliginen kelip shıǵıp, qaǵıyda, nızam, parız, wazıypa sıyaqlı ópiwayı túsinikler kiritilgen.

5-7-klaslarda usı mazmun quramalasıp, turmıslıq mısallar arqalı mámleket hám shaxstıń ózara múnásibeti, jeke erkinlik, bársheniń nızam aldında teńligi, sóz erkinligi, maǵlıwmat alıw kepilliginiń erkinligi, etjetpegen puqaralardıń jınayıy juwapkershiligi, óspirim hám nızam sıyaqlı temalar ashıp beriledi.

8-9-klaslarda huqıqıy tálim-tárbiyanıń tiykarǵı wazıypası oqıwshılarda mámleketimizdiń jámiyetlik-ekonomikalıq, siyasiy-huqıqıy, ilimiy, mádeniy rawajlanıwı baǵdarlarına sáykes dárejedegi bilimler sistemasın qálilpestiriw, unamlı pikirley alatuǵın, turmıslıq mashqalalarǵa erkin múnásibet bildire alatuǵın puqaranı qáliplestiriwden ibarat.

Huqıqıy tárbiyanıń mektepten tısqarı tálim menen tıǵızlıǵın táminlew maqsetinda "Siz nızmadı bilesiz be?", "Konstituciyamız – baxtımız deregi", "Bala huqıqları haqqındaǵı Konvenciya" materialların úyreniw sheńberinde hár túrli kórik-tańlawlar, ilajlar shólkemlestrilmekte.

Ótken oqıw jılı juwmaǵında Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimelndiriw Ministrligi, Monopoliyadan shıǵarıw hám básekini rawajlandırıw mámleketlik komiteti hám de Paydalanıwshılar huqıqların qorǵaw jámiyetleri Federaciyası menen birgeliktegi mektep oqıwshıları ortasına Paydalınıwshılardıń huqıqların qorǵaw boyınsha respublika kórik-tańlawı ótkerildi.

Respublikamızdaǵı pedagogikalıq hám  kásiplik tálim baǵdarındaǵı barlıq joqarı oqıw orınlarında "Milliy ǵárezsizlik ideyası hám mánawiyat tiykarları" baǵdarında 2002-jıldan baslap kadrlar tayarlawdıń jolǵa qoyılıwı huqıqıy tálim-tárbiya nátiyjeliligin jáne de asırıwǵa xızmet qılmaqta.

"BMSHniń bala huqıqları boyınsha komitet usınısların ámelge engiziw" is-ilajları islep shıǵılıp, mministrlik quramındaǵı tálim orınlarına orınlaw ushın

tarqatıldı. Oǵan muwapıq, balalardıń jámiyetlik huqıqların, máplerin qorǵaw, oqıwshı shaxsınıń húrmetleniwi, 18 jasqa shekemgi bolǵan balalardıń huqıqı, ata-analar ortasında bala huqıqların qorǵaw boyınsha násiyatlaw jumısları keń jolǵa qoyılǵan. "Hár bir perzentke - mehir, itibar" uranı astında ótkerilgen háptelik dawamında barlıq mektepke shekemgi, ulıwma orta, mektepten tısqarı tálim orınlarında balalar jazıwshıları, shayırları, huqıqtanıwshılar, jurnalistler qatnasında huqıqıy-jámiyetlik hám mánawiy temalarda sáwbetler ótkerildi, sociallıq qorǵawǵa mútáj, jetim, mayıp balalarǵa, kem táminlengen shańaraqlarǵa qaratılǵan qayırqomlıq ilajları turaqlı túrde shólkemlestirilip kelinbekte.

Xalqımızda jaslıqta alınǵan bilim tasqa oyılǵan naǵısqa salıstırıladı. Bu turmıslıq haqıyqat. Balalıqtıń pákize qálbletine egilgen hár qanday jaqsılıq urıǵı úlkeygen soń, óz miywesin beriwi gúmansız. Búgin kúshli huqıq hám mámleketten kúshli puqaralıq jámiyetke qaray batıl qádem taslaytuǵın jurtımızda jas áwlad keleshegi jolında islenip atırǵan islear esap-sansız. Bul insandı quwandıradı, solay eken, erkin pikirli, óziniń bekkem puqaralıq poziciyasına iye, intellektual potenciallı hám huqıqıy mádeniyatlı jaslar biziń bar úmit hám isenimimiz bolıp tabıladı.

## USİNİS

Házirgi dáwirde balalar hám óspirimler ortasında alıp barılıp atırǵan tárbiyalıq islerdiń jańa formaları qollanılmaqta. Jaslar ortasında huqıqıy tárbiya islerin shólkemlestiriw hám payda etilip atırǵan huqıqbuzarlıqardıń aldın alıw barısında tómendegi ámeliy islerdi ámelge asırıw kerek:

4. Ulıwma bilim beriw mektepelrinde huqıqıy bilimlerdi násiyatlaytuǵın xanalardı shólkemlestiriw.

5. Bilim dárgaylarınıń sud, prokratura, advokatura, birinshi náwbette bolsa erjetpegenler inspektsiyası hám erjetpegenler isleri menen shuǵıllanıwshı komissiyalar menen baylanıslardı bekkemlew.

6. Turaqlı úrde jańa tájiriybelerdi úyreniw, ulıwmalastırıw hám olardı ómirge keń engiziw. Toplanǵan ilimiy bilimlerden pedagogikalıq tájiriybelerde paydalanıw, ósip kiyatırǵan jas áwladqa mámleketimiz nızamlrına turaqlı ámel qılıw kónlikpelerin sińdiriw. Bulardıń barlıqi huqıqıy tárbiyanı nátiyjeli ámelge asırıwdıń áhmiyeyli faktorı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi

### I. Jámiyetlik-siyasiy ádebiyatlar:


1. Sh.Mirziyoev.Erkin va farovon, demokratik Uzbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. Toshkent. "Uzbekiston"- 2016. -56b.
2. Sh.Mirziyoev. Tanqidiy tahlil, qa'tiy tartib-intizom va shaxsiy javobgarlik-har bir rahbar faoliyatininng kndalik qoydasi bulishi kerak. Toshkent. "Uzbekiston", 2017, -104 b.
3. Sh.Mirziyoev. Qonun ustivorligi va inson manfaatlarini ta'minlash-yurt taraqqiyoti va xalq farovonligining garovi. Toshkent. "Uzbekiston". 2017, -48b.
4. Sh.Mirziyoev. Buyuk kelejagimizni mard va oliyjanob xalqimiz bilan birga quramiz. Toshkent. "Uzbekiston", 2017.
5. Sh.Mirziyoev. Milliy taraqqiyot yulimizni qa'tiyat bilan davom ettirib, yangi bosqichga kutaramiz. 1-tom. Toshkent. "Uzbekiston", 2017.

6.. Karimov I.A. O'zbekiston mustaqillikka erishish ostonasida T. "O'zbekiston" 2011.

7. Karimov I.A., Yuksak ma'naviyat – yengilmas kush, T. 2008 yil.

8. Karimov I.A., Barkamol avlod O'zbekiston taraqqiyotining poydevori, T. 1997.

9." Uzbekiston Respublikasini yanada rivojlantirish buyicha Harakatlar strategiyasi tuǵrisida" Prezident Farmoni. 7 fevral' 2017 yil, PF-4947.

10.Uzbekiston Respublikasiniń "Tta'lim tuǵrisidagi" qonuni. 2020 yil 23 sentyabr' URq-637.


### II. Ilimiy- metodikalıq ádebiyalar:


11.K.Xoshimov va b. Pedagogika tarixi.Toshkent.»Wqituvchi». 1996. -448b

.12. A.Zunnunov va b. Pedagogika tarixi. Toshkent. «Sharq» nashriyot-matbaa akciadorlik kompaniyasi bosh tahririyati-2002, -192 b.

13.A.Pazılov,Q.Qosnazarov, Q.Seytmuratov, Z.Kurbaniyazova. Pedagogika teoriyası. Tashkent. "Noshir"-2018 jıl. 456 bet.

14.Ó.Álewov,A.Pazılov,Q.Seytmuratov,T.Ótebaev. Pedagogika tariyxı. Nókis. «Bilim»-2020, -256 bet.

15.Hayrullayev M.,Zunnunov A., To'xliyev B., Hotamov N. Pedagogika tarixi. -

T.:Sharq.2000.
16.Abu Nasr Farobiy. Fozil odamlar shahri. Toshkent.1993y.
17. Asamova R.Z. Komil insan orzusi.// Guliston j. № 4, 2001. 8-9 betlar.
18. Choriev .3. Iqtidorli talabalar maskani. Tálim va islohot. // Turkiston//2002 yil 30 noyabr.
19. Qodirov K.B. Kasbiy tashhis metodikalari to’plami. Metodik qo’llanma, T.: 2003 yil.
20. Asqarova O’. «Pedagogikadan amaliy mashqlar va masalalar». T. “Istiqlol” 2005 yil.
21. Inamova M. “Oilada bolalarning ma`naviy-axloqiy tárbiyasi”. Birinchi Toshkent bosmaxonasi. 1999 y.
22. Abduraxmon Jomiy. “Farzandimga” T; “O’qituvchi” 1999
23. Bolalar Konvensiyasi 1999 y.
24. M.Inamova "Farzand-nixol, ota-ona bog’bon" T "O’qituvchi" 1997 yil.
25. Munavvarov A.Q. «Pedagogika». «O’qituvchi». T. 1996 y..
26. Tursunov Y., Nishonaliev U. Pedagogika kursi. T. “O’qituvchi”. 1997 y.
27. G’aybullayev N.R. Ta`lim-tárbiyaning amaliy yo’nalishi. T. O’qituvchi. 1986 y.

## III. Internet saytları:

www.bilimdon.uz
www.de.uz
www.tatu....uz
www.referat.uz
www.google.ru